

**RASA KUWATIR SAJRONE NOVEL  
LEDHEK SAKA ERENG-ERENGE GUNUNG WILIS  
ANGGITANE TULUS S  
(TINTINGAN PSIKOANALISIS SIGMUND FREUD)**

**Muhamad Rozzaqi**

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
muhamadrozzaqi@mhs.unesa.ac.id

**Prof. Dr. Hj. Darni, M. Hum.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,  
Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Sakabehe manungsa nduweni pepenginan utawa *id*. Pepenginan kasebut bisa kasembadan lumantar *ego* lan bisa dijaga lumantar *superego*. Saka katelu kapribaden kasebut bisa nuwuhake masalah kapribaden ana ing kajiwane manungsa. Novel kanthi irah-irahan *Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis* kang kacekak LSEGW, nyritakake lelakone paraga utama Lastri kang nduwe masalah kajiwane awujud rasa kuwatir. Rasa kuwatir kasebut tuwuhamarga sajrone pepenginan utawa *id*, *ego*, lan *superego* ora laras lan ora sadalan. Kadadeyan kasebut ndadekake rasa katentremane Lastri antuk tekanan lan ndadekake Lastri kadunungan masalah kajiwane. Dheweke nggunakake cara kango ngatasi rasa kuwatir kasebut kanthi cara *mekanisme pertahanan ego*. Adhedhasar landhesan kasebut, underan panliten iki yaiku: (1) kepriye wujud struktur kapribaden, (2) wujud masalah kajiwane arupa rasa kuwatir (3) *mekanisme pertahanan ego* sajrone novel LSEGW anggitane Tulus Setiyadi.

Tujuwan saka panliten ngandharake (1) struktur kapribaden (2) wujud masalah kajiwane rasa kuwatir (3) upaya paraga nggunakake *mekanisme pertahanan ego* sajrone novel LSEGW anggitane Tulus Setiyadi. Dene paedah saka panliten yaiku nambahi kawruh tumrap pamaca, ngrembakake kritik analisis sastra mligine ana ing kajian psikologi sastra, sarta asile panliten diajab bisa kango seserepan ilmu sabanjure.

Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Panliten iki kalebu panliten kwalitatif kang nggunakake metodhe analisis dheskriptif. Sumber panliten kang digunakake yaiku dhata primer kang arupa novel LSEGW anggitane Tulus Setiyadi, dene dhata sekunder kanggo nintingi novel kasebut yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Dhata panliten iki yaiku pethikan ukara, swasana, lan kadadeyan. Dene tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi teknik pustaka, maca, cathet lan klasifikasi. Analisis dhata ditindakake kanthi cara nintingi struktur kapribaden, masalah kajiwane arupa rasa kuwatir lan *mekanisme pertahanan ego* paraga. Banjur nggawe dudutan saka sakabehing analisis dhata.

Asil saka panliten kang kapisan bisa didudut yen paraga Lastri minangka paraga kang nduweni *superego* kang kuwat amerga nengenake kasunyatan lan kautaman ana ing panguripane senadyan akeh banget tekanan kang ngincim kajiwane. anane kontrol sosial uga mangaribawani *id-e* supaya bisa dikendhalekake dening *superego*. Sesambungan *id* klawan *ego* lan *superego* nuwuhake asil kang kapindho. Asil kapindho yaiku masalah kajiwane Lastri kang arupa rasa kuwatir. Rasa kuwatir kaperang dadi telu yaiku rasa kuwatir *neurotis, moral, lan realistik*. Rasa kuwatire Lastri kang paling onjo yaiku rasa kuwatir *neurotis*. Lastri ora yakin lan ora manteb marang pamikiran lan lakune dhewe. Mula bisa nyrimpeti laku panguripane lan nuwuhake telung rasa kuwatir mligine rasa kuwatir *neurotis*. Rasa kuwatir *neurotis* kaperang dadi telung perangan yaiku rasa bingung, sumelang lan sedhih. Asil panliten Katelu, kanggo ngatasi rasa kuwatir supaya ora kedlarung-dlarung lan ora ngincim kajiwane, Lastri nggunakake cara *mekanisme pertahanan ego* kang kaperang dadi telu yaiku *represi, proyeksi, rasionalisasi*. Sistem kang paling onjo yaiku sistem *proyeksi* amerga Lastri bisa menehi gegambaran utawa panemu saka pamikirané kang kuwat supaya bisa ditrima dening wong liya.

**Tembung wigati:** Rasa kuwatir, *Neurotis*, lan *Superego*.

**PURWAKA**

Sastrra mujudake gambaran utawa ekspresi saka pamikiran lan pangrasane manungsa. Sastra dumadi saka kadadeyan kang kaprabawan dening pamikir lan pangrasa. Kadadeyan kang wis kaprabawan kasebut ndadekakae kakuwatan kang bisa dianggo dadi kaca pangilone manungsa. Manungsa lumantar sastra bisa nemokake pengalaman, bisa dadi sarana ngrumangsani dhiri pribadi, bisa nglantipake pangrasa lan pamikir. Bab iku mujudake kedadeyan kang bisa narik kawigatene panulis. Panulis ngolah luwih dhisik anane kadadeyan, pamikir, lan pangrasa banjur diwujudake kanthi

rerangken tartamtu (Najid, 2009:6). Babagan kasebut nuduhake yen karya sastra mujudake proses pamikir kreatip panulis kang antuk daya pangribawa saka kedadeyan kang bisa dideleng lan dirasa dening panulis saengga bisa migunanai tumrap pamaca minangka proses antuk pengalaman saka sastra.

Prakara utawa kadadeyan sajrone karya sastra tuwuhamarga disababake dening anane masalah-masalah kang diadhepi paraga sajrone crita. masalah-masalah kang kinandhut sajrone crita ora mung nyangkut masalah sosial, nanging uga nyangkut masalah kapribadene.

Kanthy cara ora langsung pangripta sajrone ngripta karya sastra uga ngripta kapribade saben-saben paraga. Rasa kuwatir kang awujud gela, isin, wedi, lan sapanunggalane iku kalebu rasa sing diakibatake saka problem batin utawa problem kajiwane (Hidayat lan Herdi, 2013:29).

Problem kajiwane kasebut kanthy cara ora langsung dicritakake dening pangripta liwat wewatekane paraga. Mula paraga-paraga sajrone crita nduweni kalungguhan kang wigati banget amarga tanpa anane paraga ora bakal mbentuk aluring crita. Miturut Nurgiyantoro (2007:167) paraga sajrone crita nduweni posisi kang strategis minangka panggawa lan sing menehake pesen, amanat, moral utawa sawijining bab sing kanthy sengaja bakal diandharake marang pamaca. Sajrone ngandharake paraga ing carita, pangripta anggone ngripta paraga ora angger nanging diolah luwih dhisik. Saengga nalika karya kasebut diwaca dening pamaca, pamaca bisa ngrasakake kahanan lan kadadeyan apa kang ana sajrone crita. mula karya sastra kuwi mau bisa menehi gambaran ngenani apa kang dirasakake dening pangripta lumantar kadadeyan lan kahanan manungsa sajrone urip bebrayan kang nyata. kedadeyan lan kahanan kang nyata kuwi mau bisa digambarake arupa prakara-prakara kang tuwu lumantar sesambungan antarane manungsa nanging bisa uga amarga kahanan kajiwane pribadhi manungsa kasebut.

*Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis* anggitane Tulus Setiyadi iki sabanjure bakal diwancah dadi LSEGW. Saka irah irahan wis ketara yen mujudake gambaran panguripane Lastri minangka seniman ledhek. Kahanan iki uga menehi daya pangaribawa tumrap pribadi kajiwane anggone nemtokake panguripane. Sekabehane tumindak sadar lan ora sadar kaprabawan dening struktur kapribaden kang ana sajrone kajiwane Lastri sahengga dheweke klakon pupus katresnane karo wong kang ditresnani. Ndadekakae rasa sumelang, khawatir, lan minder saben saben nglakoni panguripane. Bab iki mujudake rasa kuwatire saka paraga utama. Lastri uga nduweni naluri yen dheweke dadi pegiat seni mula anggone dheweke nrima wong sing ditresnani kudu bisa nrima sekabehane kahanan kang ana ing dheweke. Senadyan Lastri mujudake wanita mandhiri dheweke uga nduweni rasa pengin dirungkebi dening pria kang sanyata ditresnani dening dheweke. Masalah kajiwane mligine rasa kuwatir kang dialami Lastri nalika nandang penggaweyan dadi ledhek ana pangaribawane tumrape lakon katresnan lan lakon ing sesambungan klawan wong liya. Penganggepe masyarakat marang dheweke dadekake dheweke nduweni problem kajiwane.

Bab-bab mangkono mau njalari novel iki wigati banget kanggo dititi. Bisa kawaos yen novel LSEGW iki Tulus luwih nggambarakane ngenani segi kajiwane paraga utama mligine kahanan psikologise, amarga ana masalah kajiwane antarane sifat rasa khawatir lan rasa wedi kelangan tresnane minangka wujud saka pangrasa lan kekarepane dheweke nerusake kesenian ledhek minangka wujud saka pamikiran. Masalah iki dumadi saka sipat lan psikologise Lastri kang pakewuh karo kahanan kasebut luwih milih rasa trenane apa luwih milih semangate anggone ngrembakake kesenian ledhek ing dhaerah ereng-ereng Gunung Wilis. Kajiwane paraga

sajrone novel LSEGW iki sabanjure bakal ditintinggi nggunakake teori Psikologi Sastra mligine teori psikoanalisis Sigmund Freud. Tintingan kasebut ngrembug telung stuktur kapribaden yaiku sepisan ngenani *id*, kapindho *ego* lan katelu *superego*. Katelu kasebut bisa mangaribawani problem kajiwane mligine anane rasa khawatir manungsa. Ing panliten iki uga diandharake sabab tuwuhe rasa kuwatir paraga utama sajrone kapribadene lan pungkasane bisa dijaga lan diwatesi nggunakake *mekanisme pertahanan ego*.

Novel kanthy irah-irahan *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi. Panjenengane alumni saka Universitas Widya Mataram Yogyakarta jurusan Program Studi Teknologi Pangan lan Gizi. Panjenengane prigel ngenani budaya lan sastra mligine kang magepokan karo kabudayan Jawa. Dheweke tau dadi pengurus TPM (Teater Pendapa Mangkubumen) kang saiki luwih dikeneal dadi Teater Dokumen. ing bidhang satra kaprigelane uga ngedab-edabi. Katitik saka dheweke uga melu antuk kanugrahan saka Balai Bahasa Jawa Timur lumatar komunitas sastra jawa, guru, panyerat sastra Indonesia lan Dhaerah. Ing dina kemis tanggal 26 ing sasi Oktober 2017 Dheweke kasil antuk kanugrahan kang aran “ANUGRAH SUTASOMA”. Cacahe ana 7 sastrawan kang antuk kanugrahan salah sawijine Tulus Setiyadi. Dheweke antuk kanugrahan saka karya novele kanthy irah irahan “*Ledhek saka Ereng-erenge Gunung Wilis*” kang ngolehake nominasi “*karya sastra dhaerah terbaik*”. Kanugrahan iki diparingake dening Amir Machmud minangka pangarsa tuwuhe kanugrahan Sutasoma iki mujudake apresiasi tumrap para pujangga lan sastrawan kang ana ing tlatah Jawa Timur supaya sastra jawa lan Indonesia tansah saya ngrembaka. Tulus Setiyadi minangka sastrawan kang bisa ndadekakae sastra ing Jawa Timur bisa ngrembaka. Pranyatane dheweke uga nduweni karya kang akeh banget. karya kasebut kang kayata *Sangkrah* (antologi geguritan lan Cerkak), *Sang Guru* (Antologi Cerkak), *Kawruh Urip Luhur Ngabekti* (Antologi Geguritan), dene kang arupa novel kayata *uran-uran katresnan, udan ing mangsa ketiga, Cinencang lawe*, lan sapiturute. karya sastra kasebut bisa ditrima dening pamaca amerga nuweni bab kung bisa narik kawigaten tumrap pangrembakane sastra jawi sing modheran lan apik. Mula bisa diarani yen Tulus Setiyadi Minangka pangudi sastra lan Budaya kang Kreatif lan Produktif.

Panliti nggunakake kajian psikologi satra amerga akeh banget kadadeyan kang nggambarakane kahanan jiwa sajrone novel. Panliti nintingi novel LSEGW nggunakake tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud yaiku amarga novel iki nggambarakane ngenani segi kajiwane paraga utama kang cundhuk karo teori kapribadene Sigmund Freud, saliyane iku novel iki mujudake novel populer kang tau diteliti. Miturut panliti novel LSEGW uga akeh nggambarakane kahanan masalah psikologis paraga sajrone novel. Mula saka kuwi adhedhasar anane konflik kasebut. Panliten iki gayutake perkara kahanan psikologise paraga utama karo kajiwane paraga kanthy tintingan psikologi sastra teori psikoanalisis Sigmund Freud kanthy irah-irahan “*Rasa Kuwatir Sajrone Novel Ledhek Saka Ereng-erenge*

### *Gunung Wilis anggitane Tulus Setiyadi: Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud.”*

Underane panliten iki ana telu, yaiku (1) kepriye struktur kapribaden sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi, (2) kepriye masalah kajiwana awujud rasa kuwatir sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi, lan (3) kepriye *mekanisme pertahanan ego* sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake struktur kapribaden sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi, ngandharake masalah kajiwana awujud rasa kuwatir sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi, ngandharake *mekanisme pertahanan ego* sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus Setiyadi.

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

#### **Panliten Kang Saemper**

- 1) Handayani ing taun 2014 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah kanthi irah-irahan “Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks Sajrone Cerbung Kesumat Anggitane Tiwiek S.A.” Panliti iki ngenani problem kajiwane wanita minangka objek seks kang dirasake dening paraga Minarti. Problem kajiwane kang ana sajrone paraga Minarti kasebut yaiku trauma marang pengalaman urip kang kedadeyan ing jaman biyen.
- 2) Andi Febrianto ing taun 2015 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah kanthi irah-irahan “Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita Sajrone Novel Purnama Kingkin Anggitane Sunaryoto Soemardjo” Panliti iki ngenani problem kajiwane wanita minangka paraga utama kang ora bisa kasembadan saengga nuwuhake rasa bingung, keduwung lan ora tentram sajrone batine. Luwih nengenake ana ing psikologis *id*.
- 3) Ayu Illa Kurniawati ing taun 2015 mahasiswa basa lan sastra Indonesia Universitas Negeri Surabaya, kanthi irah-irahan “Kecemasan Tokoh Karang Dalam Novel Moga Bunda Disayang Allah Karya Tere Liye: Kajian Psikoanalisis Sigmund Freud. Panliti sajrone panliten kasebut ngandharake ngenani rasa kuwatir sajrone paraga utama sajrone novel. Rasa khawatir ing kene ora diandharake ngenani kapribaden paraga utama lan kepriye carane menehi pertahanan kasebut. Panliten iki mung ngandharake wujud tanpa nggattekakae penyebab lan cara ngantisipasi.
- 4) Panliten liyane ditindakake dening Novi Dwi Setyowati ing taun 2017, kanthi irah-irahan “Libido Seksual sajrone Cerbung Kedlarung Anggitane Ismoe Rianto (Tintingan Psikoanalisis Sigmund Freud). Panliten kasebut ngasilake dudutan ngenani struktur kapribadhene paraga utama kang luwih onjo ing babagan kapribaden awujud libido seksual kang dirembakake maneh dening panliten ngenani wujude, mekanisme pertahanan egone, lan akibat kang diasilake saka libido seksuale paraga utama.

Patang panliten sing wis diandharake ing ndhuwur ana bab sing padha lan ana bab sing beda. Bab sing padha yaiku padha-padha nggunakake teori psikologi sastra mligine teori psikologi Sigmund Freud. Dene bab sing beda yaiku objek panliten. Ing kene novel *LSEGW*

ngandharake ngenani problem kajiwana awujud rasa kuwatir kang dialami dening paraga utama sajrone panguripane dheweke minangka dadi seniman ledhek kang dianggep sepele lan nistha tumrap wong liyan. Saliyane iku panliti ing kene uga ngandharake dinamika kapribaden kang ana sajarone kapribaden paraga utama kasebut lan wekasane ngandharake pungkasane prakara kang dialami dening paraga utama. Mula saka jlentrehan ing ndhuwur, panliti iki nggunakake teori psikologi, mligine teori psikoanalisis Sigmund Freud..

#### **Sastria lan Psikologi**

Endraswara (2003:97) nduweni pamawas yen karya sastra ora bisa oval saka panguripan kang nggunakake maneka warna reronce kapribadene manungsa. Sastra nduweni gegayutan karo kapribaden. Kapribaden kasebut ora mung kapribaden paraga paragane, nanging kapribadene pamaos, utawa pangripta nalika ngrifta karyane uga bisa didadekake panliten. Anane sesambungan pangripta lan karya sastra mujudake satuan structural kang padha sesambungan lan gegayutan.

Karya sastra nyritakake kang ana gayutane karo manungsa lan kamanungsan. Endraswara (2003:96) ngandharake menawa karya sastra mujudake asile sawijine kajiwane lan pamikire pangripta kang ana ing kahanam setengah sadhar (subcosinus). Pangripta sajrone karya sastra bisa nulisake masalah kang disandang dening paraga. Pangripta lanang bisa ngrasakake apa kang dadi ruwet runtene masalah kan digambarake dening paraga wadon ana ing carita. Darni (2016:4) ngandharake karya satra jawa modheren karipta dening para priya lan uga wanita. Ora namung para wanita kang bisa nulis masalah paraga wanita sajrone carita. Nanging uga pangripta priy uga bisa nggamarake masalah kang disandang dening paraga wanita. sajrone carita senadyan ingkang ngrifta ora padha Alam pikir mujudake pamikiran ora sadar, setengah sadhar lan sadar sesambungan kanthi raket. Pamikiran ora sadar lan setengah sadar minangka implus kang bisa dadekake kagiyanan kang asipat nyata kang disebut kahanan sadar. Sejatine karya sastra ora bisa owah saka psikologi. Saka bab kasebut, mula tuwuhi disiplin ilmu psikologi sastra, kang bakale nliti ngenani paraga lan wewatakane minangka salah sawijining unsur pamangune karya sastra. Psikologi sastra yaiku tintingan karya sastra kang dipercaya nggamarake proses lan aktivitas kajiwana (Minderop, 2013:54). Sajrone nintingi sawijine karya psikologibab kang wigati kang perlu dimangertenya yaiku kepriye campur tangane psikologi pangripta lan kaprigelane pangripta ngandharake para paraga rekaan karo sawernane prekara kajiwana. Ditambahake dening Ratna (2012:343) psikologi sastra luwih nengenake ngenani unsur-unsur kajiwana paraga-paraga fiksional kang kinandhut sajrone karya sastra.

Miturut Wellek lan Werren (1990:91) tetembungan psikologi sastra nduweni patang pangerten. Kang kapisan yaiku studi psikologi, pangripta minangka tipe utawa pribadhi. Kaping pindho yaiku studi proses kreatif. Kaping telu studi tipe lan hukum-hukum psikologi kang dicakake menyang karya sastra. Lan kang

pungkasan yaiku nyinaoni dhampak/daya pangribawa tumrap para pamaos (psikologi pamaos).

Tujuwan psikologi sastra miturut Minderop (2013:54) yaiku ngerten i aspek-aspek kajiwana kang kinandhut sajrone karya sastra. Sajrone karya sastra mesti ana kadadeyan kang nyebabpake punjere perkara. Iki sing bisa ndadekake karya sastra bisa narik kawigaten. Kawigaten mau nujukake marang konflik supaya bisa dianalisis lan dijupuk kanggo pengalamane manungsa. Ana saperangan kang mangribawani anane psikologi sastra yaiku anane pamawas yen karya sastra minangka produk saka kajiwana lan pamikiran pangripta kang ana ing kahanan setengah sadhar utawa *concius* (Endraswara, 2003:97). Antarane kedadeyan kang sadhar lan ora sadhar mesti menehi ide sajrone proses imajinasine pangripta. Ide iku bisa digambarake lumantar reriptan sastra kang diwastani kauwatan karya sastra. Kauwatan karya sastra bisa dideleng saka kaprigelane pangripta ngudarasakake kahanan kajiwana lan ekspresi kajiwana kang ora sadhar kasebut sajrone karya sastra.

Gegayutan antarane karya sastra lan psikologi uga diandharake dening Suryabrata (2003:96) kang ngandharake yen karya sastra dideleng minangka gejala psikologis, bakal ngandharake aspek-aspek kajiwana lumantar paraga-paraga. Sastra apa dene psikologi padha-padha nyinaoni babagan uripin manungsa. Bedane, sastra nyinaoni manungsa minangka daya imajinasine pangripta, dene psikologi nyinaoni manungsa asil saka ciptane Gusti kang ora bisa didulu nanging bisa dirasa (Endraswara, 2008:99). Sanadyan karya sastra asipat kreatif lan khayal, pangripta tetep asring nggunakake ancangan psikologi kanggo nguripake karakter tumrap paragane.

Andharan ing ndhuwur nyethakake yen tintingan psikologi sastra iku nliti ngenani objek sastra digayutake karo aspek psikologi. Aspek psikologis ing panliten iki winates ing paraga wanita wae, ora nganti pengarange utawa pamacane kang kaya diandharake.

### **Teori Psikoanalisis Sigmund Freud**

Antarane teori psikologi lan teori psikoanalisis Sigmund Freud nduweni pambeda yaiku yen teori psikologi iku teori kanggo ngerten i kajiwane manungsa utawa paraga sajrone crita. Yen teori psikoanalisis Sigmund Freud iku teori kanggo ngerten i jiwane manungsa utawa paraga sajrone crita kanthi cara nganalisis telung sistem kang diduweni, dene Sigmund Freud iku pawongan kang nemokake teori psikoanalisis iku mau.

Psikoanalisis minangka salah sawijining perangan saka ilmu psikologi kang ditemokake dening Sigmund Freud yaiku dokter mudha ing Wina. Freud mangun sawijining pamawas ngenani teori psikologi adhedhasar pengalamane ngadhepi pasien kang nyandhang perkara mental (Minderop, 2013:10). Freud sasuwene gesang ngayahi pakaryan minangka dokter. Ing prakteke minangka dokter, Freud banjur nemuake teori psikoanalisis asil saka cecaturan saka pasien.

Psikoanalisis minangka sawijining ilmu kang nduweni sesambungan karo fungsi lan pangrembakane mentale manungsa. Sajrone psikoanalisis, Freud nduweni

pamawas yen panguripan jiwane manungsa kaperang dadi telung struktur kapribaden yaiku *id*, *ego* lan *superego*. Saliyane ngandhareke ngenani struktur kapribaden, Freud uga nuduhake anane daya pangribawane saka telung struktur kapribaden kasebut tumrap lingkungan lumantar dinamika kapribaden lan *mekanisme pertahanan* ego.

### **Struktur Kapribaden Sigmund Freud**

Sajrone teori psikoanalisis antarane bagian saka kapribaden nduweni fungsi sipat, komponen, prinsip kerja dinamika lan *mekanisme* dhewe-dhewe. Freud sajrone Alwisol (2012:13) ngandharake yen sistem kapribadene manungsa diperang dadi telu yaiku *id*, *ego* lan *superego*. *Id* lumaku adhedhasar prinsip kasenengan, *ego* kanthi dhasar prinsip realita kang bisa nyengkuyung id utawa ngonrol id, lan *superego* ngetutake prinsip idealistik, nilai, lan norma. Kabeh nduweni gegayutan kang raket antarane siji lan liyane saengga ora bisa dipisah antarane *id*, *ego* lan *superego*. Salaras karo andharan kasebut, tumindake manungsa iku minangka produk interaksi antarane *id*, *ego* lan *superego*. Jangkepe bakal diandharake siji-siji ngenani *id*, *ego* lan *superego*.

### **Kapribaden *Id***

*Id* mujudake sistem kapribaden kang paling dhasar. Sistem iki ngandhut naluri-naluri saka awake dhewe. Anane rasa seneng bisa disembadani lumantar *id*. Fungsi *id* nduweni kakiyatan kanggo nggayutake kumpulan energi utawa ketegangan, kang ditokake sajrone badan wadak dening pangarabiwa samubarang saka njero utawa njaba. Utawa luwih cethane, fungsi *id* iku supaya entuk kapuasan jiwa saengga kita bisa nyebut minangka prinsip kesenangan (Feist, 2010:32).

Alwisol (2012:14-15) ngandharake yen *id* minangka perangan kapribaden kang kerjane adhedhasar prinsip kasenengan. Prinsip kasenengan kasebut awujud upaya kanggo nggayuh rasa seneng. Fungsi *id* yaiku ngupaya kanggo ngurangi utawa ngilangi rasa sepaneng lan mbalekake marang tingkat energi psikologis kang normal. *Id* amung bisa mbayangake samubarang tanpa bisa mbedakake antarane khayalan lan kasunyatan. *Id* uga ora bisa mbedakake bener utawa salah lan ora nggatekake aturan moral.

Freud nduweni pamawas maneh ngenani *id*. *Id* yaiku sumber primer saka energi rohaniah lan pangonan kanggo ngumpule naluri-naluri. *Id* rasa kang asipat mandhiri. Dheweke ora diperintah dening logika, lan dheweke kaya-kaya ora duwe aturan. Dheweke amung tumindaka kanggo muasake apa kang dipengeni nalurine, miturut prinsip kesenangan.

Prinsip kasenengan kang digayuh dening *id* ditindakake kanthi rong cara yaiku tumindak *reflek* lan *proses primer*. Tumindak *reflek* yaiku reaksi otomatis kang digawa wiwit lahir kayata ngedhipake mripat. *Proses primer* yaiku reaksi mbayangake samubarang kanggo ngurangi rasa ora kepenak. Tuladhane yaiku wong krasa luwe lan kepingin mangan banjur amung mbayangake wujud panganan lan ora peduli kepriye carane supaya oleh panganan. Apa wae baal dilakoni supaya wetenge warek. Bisa ngemis, kerja ora perduli

kerja halal utawa kerja haram, lan kang paling ala yaiku nyolong. Kadadeyan kaya mangkono kang diarani *proses primer* saka *id*.

*Id* ora nduwe gegayutan karo donya njaba nanging *id* pengin menehi pamarem saka pepinginan jiwa tumrape manungsa. Paribasane *id* iku dadi raja kang nguwasan pamikirane manungsa. Tuladha liyane kayata, wong sing krasa ngelak mula kang ana ing pamikirane iku kepriye carane supaya ora ngelak maneh utawa piye carane bisa ngombe. *Id* nalika kang ana alam sadhare manungsa dheweke lagi ngelak lan pingin ngombe, ora perduli kepriye carane supaya entuk banyu kanggo ngombe.

### Kapribaden *Ego*

Miturut Freud, *ego* mawujud saka struktur kapribaden individu minangka asil hubungan karo upaya pemareme kabutuhan. Bisa diarani yen *ego* bisa ngurangi rasa ora kepenak saka individu kasebut. *Ego* minangka sistem kapribaden kang kaping pindho sandhuwure *id* sing tumindak minangka menehi arahan individu marang objek kasunyatan, lan bisa nindakake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatan. Mula iki kang dimaksud proses sekunder. Prinsip kerja *ego* beda karo *id*. *Ego* yaiku sistem kapribaden kang nduweni daya pangribawane manungsa marang objek saka kasunyatan, lan nglakokake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatan (Koeswara 1991:33).

*Ego* minangka pimpinan kang utama sajrone kapribaden. Bab kasebut digambarake kaya dene pimpinan ing perusahaan kang wis menehi keputusan tumrap perusahaan (Minderop, 2013:22). Saliyane kuwi *ego* nduweni guna kanggo nglarasake tuntutan saka *id* lan *superego*. Nanging tuntutan saka *id* lan *superego* kasebut uga kudu diselarasake karo ndonya njaba. Anane tuntutan saka telung perangan kang padha ora bisa ngalah siji lan sijine, *ego* bakal nuwuahake reaksi tartamtu yaiku rasa kuwatir. Mula saka kuwi, *ego* nggunakake mekanisme pertahanan kanggo nglawan rasa kuwatire (Muis, 2009:7).

### Kapribaden *Superego*

*Superego* minangka kekuatan moral lan etik saka kapribaden kang cara kerjane adhedhasar prinsip idealistik. Prinsip idealistik minangka kosok balen saka prinsip kasenengan *id* lan prinsip realistik saka *ego* (Alwisol, 2012:16). *Superego* uga minangka sistem kapribaden kang nduweni nilai-nilai lan aturan-aturan kang asipat evaluatif (Koeswara, 1991:34). Super ego nduweni sipat nuturi, menging samubarang kang ala, lan nujukake marang baba kang asipat kautaman lan kamulyan. Ancase supaya manungsa bisa nggunakake Super ego dadi manungsa kang utama.

*Superego* kerep nggawe awake dhewe tumindak kanthi cara-cara kang bisa ditrima dening masyarakat. Freud ngibaratake *id* minangka raja, *ego* minangka perdana mentri, lan *superego* minangka pendeta kang paling dhuwur. *Id* tumindak kaya panguwasa absolut, kudu dihormati, sewenang-wenang lan meningake awake dhewe. *Ego* minangka perda mentri kang diibaratke nduweni tugas kudu ngrampungake

penggaweyan kang ana gegayutan karo realitas lan tanggap marang pepingine masyarakat. *Superego* diibaratke minangka pendheta kang mesthi nduweni tetimbangan marang nilai-nilai kang becik lan ala kudu ngilingake *id* kang srakah lan nuduhake yen wigatine tumindak arif lan bijak.

### Dinamika Kapribaden

Dinamika kapribaden yaiku kapriye sesambungan katelu sistem kasebut yaiku antarane *id*, *ego* lan *superego* padha-padha mangribawani sarta kapriye pangribawane antarane katelu sistem kasebut karo kahanan sakupenge. Struktur kapribaden kang diwangun dening Freud nduweni sesambungan kang raket lan padha-padha mangribawani lumantar dinamika kapribaden (Minderop, 2013:23). Dinamika kapribaden nuwuahake problem kajiwana sajrone sesambungan *id*, *ego* lan *superego*. Problem kajiwana kasebut mujudake Naluri, Rasa Kuwatir, lan sadar ora sadar. Sekabehane Problem kajiwana kasebut bakal diandharake ana ing ngisor iki.

### Rasa Kuwatir

Kahanan apa wae kang nyebabake rasa ora nyaman tumrap manungsa iku bisa nuwuahake anane rasa kuwatir. Freud (sajrone Feist lan Feist, 2012: 38) ngandharake yen rasa kuwatir mujudake kahanan *afektif* kang dirasa ora nyenengake lan bisa ngincim lumantar *fisik* lan *psikis*. Kahanan kang kaya mangkono ora pinesthi, dititeni lan asipat samar nanging bisa dirasakake

Rasa kuwatir salah sawijine konsep kang wigati tumrap teori *psychoanalisa*. Rasa khawatir miturut Muis (2009:14) minangka sawijine kahanan kang ora nyenengake asipat emosionallan nduweni kakuwatan kang gedhe lan diwujudake marang sawijine wujud fisik lan psikis. Nalika rasa kuwatir iki ora bisa dicekel, rasa kuwatir iki nuwuahake rasa raa anyel lan wedi banget luwih umume rasa kapok utawa *trauma*. Kahanan *traumatik* bisa diarani cuthele kajiwana kaya kaya kajiwane wis nduweni rasa tatu. Traumatik nyebabake manungsa nduweni rasa wedi, ora pengin coba coba, ora gelem nerima walesan lan gampang nulak sawijine kahanan kang dirasa bisa ora ngepenake dheweke.

Freud (sajrone Feist lan Feist, 2012: 38) merang rasa kuciwa dadi telung macem yaiku rasa kuciwa realistik, rasa kuciwa neurotis, rasa kuciwa moralis. Gegayutane *ego* lan *id* nuwuahake rasa kuwatir neurotis, gegayutane *ego* lan *superego* nuwuahake rasa kuwatir moralis lan gegayutane marang donya njaba nuwuahake rasa kuwatir realistik. Katelu unsur kasebut ora bisa dipisahake, biyasane katelu gegayutan kasebut tuwuh nalika ana sesambungan siji lan liyane. Tuladhané nalika wedi marang panggonan kang dhuwur. Kahanan iki ndadekake rasa kuwatir nalika ana ing kahanan kasebut. Bisa nuwuahake rasa kuwatir neurotis lan rasa kuwatir realistik. Kahanan kaya mangokono menehi pratandha yen ana bebaya kang ngancem dheweke.

Miturut Freud bisa merang rasa kuwatir (kecemasan) dadi telung perangan yaiku rasa kuwatir realistik, rasa kuwatir neurotis lan rasa kuwatir moralis kang diandharake ana ing ngisor iki.

### 1) Rasa Kuwatir *Realistik*

Miturut Freud rasa Kuwatirkang nyata (real) kuwi mujadake rasa kang alami nduweni asipat *rasional*. Prakara kasebut lumarahe disandang dening pawongan kang ngrasakake bebaya eksternal. Rasa kasebut minangka *ekspresi* saka *naluri pertahanan diri*. Nalika pawongan kasebut nandang Rasa kuwatir *realistik*, pawongan kasebut mesti bakal nduwe rasa wedi marang kahanan ana ing lingkungan sakupenge.

Rasa kuwatir jinis iki yaiku rasa kuwatir lan wedi marang bebaya kang bisa ngincim manungsane. Bebayane kuwi ana ing sajrone lingkungan sakupenge. Dheweke rumangsa antuk ancaman kang bisa bebayani lan bisa nyebabake dheweke bakal antuk kacilakan. Rasa kuwatir iki asipat fisik. rasa kuwatir nuwuhake tingkatane rasa wedi. Tingkatan kasebut gumantung marang ancaman snyatane.

### 2) Rasa Kuwatir *Neurotis*

Rasa kuwatir *neurotis* beda karo rasa kuwatir *realis*. Miturut freud rasa kuwatir iki bisa diarani minangka jinis rasa kuwatir kang ngambang. Pawongan kang nandang rasa kuwatir *Neurotis* bakal ngadhepi gangguan ana ing pamikire. Pawongan kasebut bakal nduweni pangarep-arep saanane kalodhangen kanggo nemokake samubarang kang bener tumrap diri pribadine. Kahanan iki bisa diwastani “*cemasnya harapan*”. Pawongan kang nandang *Neurotis* tansah *antisipasi* marang samubarang kang ala lan *neurotis* nyedhaki marang sifat *pessimis*.

Rasa kuwatir *neurotis* yaiku rasa wedi kang bisa uga *instink* bakal oncat saka patrape lan njalari pawongan nglakoni samubarang tumindak kang nyebabake pawongan kasebut antuk paukuman. Bedane rasa kuwatir iki ora duwe rasa wedi marang *instink* pamikire awake dhewe. Nanging rasa wedine marang paukuman-paukuman kang ana amerga dheweke wis nyleweng saka paugeran kang wis ditetepake. Rasa iki nduweni rasa wedi marang sawijine perkara kang durung mesti diweruhi pepethine. Maneka werna wujud gambarane yaiku sedih, bingung lan sumelang.

### 3) Rasa Kuwatir *Moralis*

Rasa kuwatir *moralis* yaiku rasa wedi marang kahanan ati nuranine dhewe. Pawongan kang nduweni jenis rasa kuwatir kang kaya mangkene tansah mikir lan ngrasa salah yen awake dhewe tumindak sawijine baba kang nyleweng utawa nerak paugeran kang ora gathuk marang norma kang ditetepake. Pawongan kang nduweni rasa kuwatir *moralis*, kalebu jinise pawongan kang nduweni kapribaden *superego* kang ngrembaka kanthi becik. Dheweke bisa mbedakake antarane sing ala lan becik. Dheweke uga nduweni ngrasa salah nalika dheweke nglakoni tumindak kang nyleweng lan nerak paugeran. Rasa batin tuwuhan saka sipay kang apik. Mula anggone tumindak mesti ngati-ati sarwa dipetung kanthi temen.

Rasa kuwatir moral iki sumbere saka struktur kapribaden lan meh padha karo rasa kuwatir neurotistik. Pawongan ora bisa tumindak sakarepe dhewe amerga dheweke sadurunge ngalakoni wis rumangsa salah nalika duwe niatan arep ngalkoni tumindak kan ala.

### Mekanisme Pertahanan Ego

Maneka warna cara sing digunakake manungsa kanggo ngadhepi alangan sing ndadekake anane rasa kuwatir lan bisa ngalangi pangrembakane kapribaden. Cara-cara bisa diarani *pertahanan ego*. Ana saperangan *pertahanan ego* sing bisa ngilangake rasa kangelan yaiku *represi*, *proyeksi*, *rasionalisasi*, lan *agresi* (Minderop, 2013:13).

#### 1) Represi

*Represi* yaiku *mekanisme* sing ditindakake *ego* kanggo ngurangi rasa kuwatir kanthi cara meksa pepinginan sing dadi panyebabe rasa kuwatir kasebut menyang sajrone ora sadhar. Freud ngandharake yen pangajak sing didhesek iku tetep aktif ing jerone alam ora sadhar, lan mbutuhake energi psikis sing gedhe kanggo njaga supaya ora muncul menyang alam sadhar. Ngurangi energi sing dilakoni *mekanisme represi* iku bisa menehi akibat arupa ora efektive *ego* sajrone tumindake individu. Tuladhane ana pawongan kang pengin andum ktresnan annging dheweke ora bisa merga kapengaruh dening bab liya kang kudu diijabahi. Represi iku bisa nyebabke dheweke gelisah lan ngrasa sepi sajrone panguripane. Saliyané iku, Freud uga ngandharake yen dorongan-dorongan sing direpres bisa lolos, lan muncul menyang njaba lumantar mimpi, salah ngomong lan lena.

#### 2) Proyeksi

*Proyeksi* mujudake tumindak kanthi sengaja kang ditindakake pawongan kanggo nutupi tumindak salahe. Miturut Hilgard (sajrone Minderop, 2013:34) *proyeksi* minangka *mekanisme* kang ora disadharti nanging mesti ngayomi awake dhewe saka pengakuwan. Sipat kang mligi saka *proyeksi* yaiku saka rasa pangrasa manungsane dhewe kang diowahi. Dheweke bisa ngowahi subjek dadi objek. Tuladhane kaya “aku ora meksa kowe” diowahi dadi “kowe sing meksa aku mangkel karo aku”. Rong ukara kasebut mujudake proyeksi kang ndadekake panindak dadi pananggape.

#### 3) Rasionalisasi

*Rasionalisasi* minangka wujud *mekanisme pertahanan* kang digunakake dening pawongan kang duweni sipay rasional supaya bisa ditrima dening wong liya. *Rasionalisasi* iku kanggo ngakoni pribadine marang diri pribadine. *Rasionalisasi* nduweni rong tujuwan yaiku kanggo ngurangi rasa gelane nalika ora bisa oleh apa kang dipengin. Sing kaloro yaiku menehi sawijining motif kang bisa ditampi wong liya saka tumindake kasebut. (Hilgard sajrone Minderop, 2013:35). Tuladhane ana pawongan kang ora bisa klakon rabi, dheweke ngakoni yen dheweke pancer dudu wog sin pantes lan apik kanggo pasangane mula dheweke wurung rabi.

### METODHE

Panliten kanthi irah-irahan *Rasa Kuwatir Sajrone Novel Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis Anggitane Tulus S* minangka panliten kualitatif. Miturut Ratna (2012:47) panliten kualitatif yaiku panliten kang digunakake kanggo nintingi fakta-fakta sosial kayadene kang ditafsirake dening subjek. Objek panliten sajrone panliten kualitatif ora mujudake kedadean sosial minangka wujud *subtansif*, nanging makna-makna kang

kinandhut sajrone tumindak kang njalari tuwuhe kedadean sosial kasebut. Sajrone ilmu sastra, sumber dhatane yaiku karya sastra utawa naskah. Dhata panlitene minangka dhata formal yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metode dheskripsi analisis. Metode dheskriptif analisis ditindakake kanthi cara ngandharake fakta-fakta banjur dianalisis. Adhedhasar etimologi, dheskripsi lan analisis tegese ngandharake. Analisis kang dikarepake tegese mung ora ngandharake, nanging uga nggawe dudutan kanthi menehi pangerten sacukupe. Kanthi metode dheskriptif analisis kasebut, mula asil panliten awujud deskripsi saka dhata-dhata kang arupa ukara, pada, lan pacelathon. Tintingan sing digunakake sajrone panliten iki yaiku pendhekatan psikologi sastra tintingan psikoanalisis Sigmund Freud.

Dhata formal ing panliten sastra awujud tembung, ukara lan wacana. Adedhasar iku, dhata ing panliten iki dijupuk saka tembung, frasa, ukara sajrone pada kang nggambaraké wujuding konflik batin sing dialami dening paraga utama sajrone novel LSEGW anggitane Tulus, sing jalari tuwuhe masalah kajiwana lan kepriye gegemabarane dinamika kapribaden sarta kepriye cara mungkasi lumantara pertahanan ego kang ditindakake dening paraga utama.

Instrumen panliten rong instrumen yaiku instrumen pokok lan instrumen panyengkuyung. Instrumen pokok kang dimaksud yaiku panliti nindakake panliten, tegese panliten dhewe kang bisa nemokakae masalah-masalah kang wigati lan paling onjo sajrone karya novel kasebut saengga panliti bisa nganalis kanthi jangkep, medharake sekabehane ilmu kapribaden kang kinandhut sajrone novel LSEGW kasebut. dene instrumen panyengkuyunge kayata buku, pulpen, lan kertas kanggo nyathet dhata-dhata kang dibutuhake sajrone panliten.

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku maca, nyathet, lan riset kapustakan. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake cara maca teks utawa literatur kang dadi sumbere panliten, banjur menehi tandha-tandha marang bab kang dipilih sajrone novel LSEGW kang gegayutan karo apa kang bakal dirembug. Dene teknik kapustakan yaiku nglumpukake dhata-dhata utawa bahan-bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya. Analisis dhata mula kudu digayutake koro konteks lan konstruk analisis. Konteks gegayutan karo bab-bab sing ana gayutane karo struktur sastra, dene konstruk arupa wanganan konsep analisis. Tata cara analisis dhata kasebut yaiku:

- 1) Analisis dhata diwiwiti kanthi cara pamilihe dhata.
- 2) Dhata kang awujud psikologis paraga sajrone carita bisa dipilah lan diklompokake miturut struktur kapribaden Sigmund Freud yaiku *id, ego, lan superego*.
- 3) Sarampunge nglompokake psikologis miturut struktur kapribaden, banjur Nglompokake dhata problem kajiwana paraga mligine rasa kuwatire paraga kanthi adhedhasar teori dinamika kapribaden Sigmund Freud. Dhata kaperang dadi saperangan

jinis rasa kuawtir yaiku rasa kuwatir realis, rasa kuwatir neurotis lan rasa kuwatir moral. Anane naluri lan sistem sadar lan ora sadar kapribaden digunakake kanggo nyengkuyung anane rasa kuwatir minangka problem kajiwane paraga.

- 4) Cara sabanjure kanggo jaga lan ngatasi rasa kuwatire nggunakake mekanisme pertahanan ego teori psikoanalisis Sigmund Freud. bab kang bakal dianalisis kang kayata, rasa khawatir, getun, sedih, mandhiri, lan sregep ngibadah.

Anggone nglumpukake kanthi Teknik maca bola-bali, menehi tandha garis, klasifikasi dhata. Anane klasifikasi iki perlu dilakukan supaya panliten bisa manteb lan ora ngglambyar nglewati watesane panliten. Andharan ngenani tata cara nulis asile panliten ngenani rasa kuwatir sajrone novel *LSEGW* anggitane Tulus S diandharake ana ing ngisor iki.

Bab I mujudake purwakane panliten ngandhut subbab-subbab ing antarane yaiku lelandhesan panliten, underan panliten, tujuwan panliten, paedah panliten, wewatesan panliten lan wewatesan tetembungan.

Bab II mujudake bab kanggo ngandharake tintingan kapustakan, mula ngandhut subbab-subbab panliten kang saemper, kang nggunakake tintingan psikologi sastra lan konsep-konsep kang gegayutan karo teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Bab III mujudake metode panliten kang ngandhut subbab-subbab ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, tata cara pangumpulan dhata, tata cara pangolahe dhata lan cara panulisan asile panliten.

Bab IV mujudake bab kanggo ngandharake asile panliten, isine ngandhut subbab-subbab kang diandharake adhedhasar underane panliten.

Bab V mujudake bab kang pungkasan yaiku panutup. Bab iki isine dudutan lan pamrayoga saka sakabehane andharan ngenani asile panliten.

Kapustakan nuduhake buku-buku sumber utawa buku referensi kang nunjang proses psikologi sastra.

Lampiran mujudake sinopsis saka crita novel *LSEGW* anggitane Tulus S.

#### **ANDHARAN Struktur Kapribaden sajrone Novel *LSEGW* Anggitane Tulus S.**

Novel LSGW nyritakake kahanane salah sawijine seniman ledhek kang urip ana ing masyarakat dhaerah ereng-erenge Gunung Wilis. Lastri minangka paraga utama kang dicritakake ana ing novel iki. Penggaweyan Lastri ora liya mung dadi seniman ledhek. Masyarakat kang ora sapanemu karo dheweke. Penggaweyan ledhek mujudake penggaweyan kang asor tumrape masyarakat. Akeh kang nduweni anggepan yen penggaweyan kasebut nuwuhake maksiat lan bisa ngasorake derajate manungsa. Bab kasebut salah sawijine masalah batin kang disandang Lastri. Ndadekake kajiwane Lastri antuk tekanan nganti nduweni rasa kuwatir sajrone psikologise.

Struktur kapribadhen ing novel LSEGW anggitane Tulus Setiyadi miturut psikoanalisis Sigmund Freud bakal kaperang dadi telung jinis yaiku *id, ego, lan superego*. Struktur kapribadhen bakal kapethik saka pethikan-pethikan novel LSEGW. Pethikan kasebut ngrembug struktur kapribadene Lastri minangka paraga utama kang nduweni psikologis kapribaden sajrone carita kang dirasa paling onjo lan paling akeh antuk pangaribawa. Struktur kapribadhen kasebut nduweni telung perangan yaiku *id, ego, lan superego*

***Id***

*Id* mujudake sistem kapribaden kang trap-trapane ana ing paling ngisor, sistem kang ngandhut naluri saka dhiri pribadine manungsa dhewe. *Id* minangka perangan kapribadhen kang kerjane adhedhasar prinsip kasenengan utawa prinsip pepenginan. Prinsip kasebut awujud upaya kanggo nggayuh rasa seneng lan rasa pengin. Fungsi *id* yaiku ngupaya kanggo ngurangi utawa ngilangi sepaneng lan mbalekake marang trap-trapan daya kajiwana kang normal. *Id* namung bisa mbayangake samubarang tanpa bisa mbedakake antarane awang-awang lan kasunyatan. *Id* uga kurang bisa mbedakake bener utawa salah.

*Id* kang digambarake dening Lastri saya kuwat yen dideleng saka pethikan-pethikan kang bakal diandharake ing ngisor iki. Lastri wis nuduhake pepenginane kang kuwat. Pepenginane Lastri ngupayakake apa kang dadi pepenginane bisa kaleksanan nanging Lastri ora bisa mbedakake endi bener lan endi sing luput. Dheweke mung ngerti yen bab kasebut kanggo nggayuh kasenengan. Sesambungan Lastri ora mung karo Widi, nanging dheweke uga ketemu pawongan kang jenenge Ustad Yusuf. Ustadz Yusuf minangka pawongan kang dikurmati ana ing desane Lastri amerga dadi wong kang wasisi babagan agama. Ustadz sawise ngrungokake Lastri ngaji ana ing Masjid, dheweke kepranan marang Lastri. Semana uga Lastri uga kadudut atine marang wibawa lan nggantheng Ustadz Yusuf. Mula kekarone pengin weruh sapadha-padha. Tetepungan Ustad Yusuf lan Lastri iki nuwuhanke rasa pengin sesandingan kekarone. Senadyan isih padha isin lan wagune, nanging wis katon ana pepenginan sesambungan tresna sajrone *id-e* Lastri kaya pethikan iki.

Sawise tadarus Lastri Jenglak lungguhe banjur njranthal arep bali nanging lagi wae mbalik jumangkah tanpa diseja nubruk pawongan kang wiwit mau ngadeg ana mburine. Tempuking catur netra nuwuhanke rasa pangaribawa kang gedhe. Gumerter jantunge Lastri nyawang pawongan iku. Dhasar bagus isih enom pisan, katon gagah pidegsa umpama dicandra kaya Raden Gathotkaca kang nganggo jenggot. Pawongan kuwi mau mung mesem wae karo panyawange jero marang Lastri. Bareng ngerti menawa kuwi Ustad Yusuf sing ceramah mau, Lastri ulate rada ora kepenak dheweke minangka mantuk minangka tandha kormate.(Tulus, 2016:14).

Pethikan kasebut nuduhake yen ana rasa kang tuwu sajrone atine Lastri. Dheweke kanthi tempuk catur netra bisa mbayangake kaya ngapa nggantheng pawongan kang ana ing ngarepe. Mbayangake utawa ngangen-angen sawijine kasenengan kasebut nuduhake perangan saka *proses primer* pamikire manungsa kang lumaku sajrone angen-angene manungsa. *Id-e* awujud mbayangake pawongan bagus kang menehi wigati tumrape Lastri. Bisa nyebabake Lastri nuwuhanke rasa bingung lan rasa ora kepenak kacampur kesengseme ati. Katitik saka polatane Lastri mung manthuk nalika sesawangan karo Ustadz Yusuf. Kamangka Lastri rada mangkel marang Ustadz sing ceramah mau amerga dheweke ora sapanemu karo Ustadz kasebut.

Lastri minangka pawongan kang durung tau ngrasakake memanise katresnan. Katresnane marang Ustadz Yusuf pupus ana ing tengah dalan. Lastri sejatiné pengin banget anggone nyambung katresnan karo priya kang dikarepake. Kanggo ngurangi rasa sedhilih krana kelangan katresnane, sawetara wektu Lastri banjur mlaku-mlaku ing mall saperlu kanggo ngadhemna pikir lan nggolek swasana anyar. Ing Mall Lastri ketemu karo pawongan kang nggantheng kang aran Fery. Fery ngajak tetepungan Lastri. Sajake Lastri uga kepranan karo Fery dheweke uga ditukokake kaos sing disenengi. Lastri pengin andum katresnan karo Fery kagamarake kaya pethikan iki.

Ana bocah nggantheng uleng-ulengan kok ora ditampa. Lastri mung mesem mesem wae bingung olehe mangsuli. Durung nganti Lastri aweh Wangsulan Fery ngomong dhisik. "Menawa seneng digawa wae, aku sing nduwiti"Lastri tambah bingung. Atine ora karuhan jantung dhev-dhev sir. Kenalan karo bocah nggantheng wae wis begja malah arep ditukokna kaos pisan. Rasane kaya kudhunan lintang. Jenenge tir padha irenge sir padha senenge. Sabenere Lastri ethok-ethok ora gelem nanging Fery sajak meksa terus. Tundhone kaos iku sida bisa digawa bali. (Tulus, 2016:106)

Rerangkening gambaran ing ndhuwur nuduhake yen Lastri tetepungan karo Fery ana ing mall. Fery pawongan kang nggantheng iruge mbangir, pakulitan putih lan awake gohot banget ndadekake Geter jantunge Lastri. Dheweke lambene kether mangsuli panyeluke Fery. Pethikan kasebut uga nggambarake yen pepenginan Lastri kanggo andum katresnan marang pawongan kang bisa gawe ora karuhan jantunge. *Id-e* Lastri pengin tetepungan lan andum tresna karo Fery. Dheweke kaya-kaya wis labuh tresna marang Fery. Semana uga Fery, dheweke tresna marang Lastri. Katitik saka dheweke nukokake Lastri kaos kang kawit mau dijajali dening Lastri. Fery pancen wong Lanang sing tanggap sasmita marang apa kang dipengini Lastri.

*Id-e* Lastri kepingin menehi pamarem marang pepengine ngenani katresnane kang wis pupus ora ana dununge. Lastri ora pengin dalam katresnane pupus kaya katresnane marang Ustadz Yusuf lan Widi. Lastri nduwe pangajab yen dheweke bisa dhedhaupan karo Fery. Nanging Lastri durung wani blaka ngenani

penggaweyane. Iki mujudake *Proses Primier* manungsa kang arupa kepengin nyukupi kabutuhan katresnan lan kango nurangi tekanan arupa kelangan katresnan. *Prinsip kerja id-ne* nggunakake prinsip kerja kasenengan supaya bisa andum katresan karo Fery. Saka andharan kasebut cetha yen nggambaraké struktur kapribadhene Lastri arupa *id*.

### Ego

*Ego* mujudake sistem kapribadhen kang menehi arahan tumrake manungsa menyang prinsip kasunyatan. *Ego* minangka pangrembakan *sistem* kapribaden *id*. *Ego* bisa diarani *id* yen dheweke nyoba mujudake kanthi wujud tumindak tanpa metung tata carane. Bener lan orane tatacara kango dilakoni ora digatekake ana ing kapribadhen *Ego*. Kapribadhen iki nduweni daya pangribawa tumrake manungsa marang objek saka donya kango nyata. Ego nglakokake fungsine adhedhasar prinsip kasunyatane. Cara kerjane *ego* adhedhasar *prinsip realita* (nyata). *Ego* kalaksanan ana ing kadadeyan ing ngisor iki.

Lastri kang wis kelangan katresnane saiki nemu katresnan anyar sajrone pwongan bagus kango aran Fery. Jiwa asmarane Lastri kaya kaya wis ngrembaka maneh. Saben-saben wektu mung pengin reruntungan karo Fery. Nganti tumekane wektu wong loro mau arep dolan nanging mampir ana ing kose kancane Fery. Kos mau sepi banget amerga sing duwe kos lagi bali menyang kampung. Fery pamit adus, lastri nunggu ana ing njero kamar. Sawise adus, kekarone padha sesawangan. Fery sing durung klamben banjur nyedhaki Lastri. Kaya ora ana watese lan trapsilane maneh antarane lanang lan wadon. Kekarone padha lelumban katresnan, kaya kapethik iki.

Rampung adus Fery metu saka kamar mandi, weruh Lastri sing semu kadhemen banjur dheweke nyedhaki. Tangane ngelus rambute, Lastri mung meneng wae karo nyawang dhadhane Fery. Saya suwe tangane padha cekelan. Lambene Fery wiwit lumaku ing gulgule Lastri. Bocah loro keli marang hawane nafsu tanpa eling kahanan.

Banjur diturokake ing kasur, karo tangane fery tetep nggremet ing sakojur awake Lastri. Siji mbaka siji panganggone Lastri dipretheli, nganti clana njerone. Kaya wis sajak ora eling lan jagad katresnan kaya wis dikuwasani. Fery terus nindhihi karo ngambungi pipine Lastri Antarane Lastri lan Fery kaya wis ora ana sing bisa ngalangi marang panas nepsu.....(Tulus, 2016:112)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri wis nyembadani *id-e* awujud pengin lelumban tresna marang wong kango ditresnani. Kekarone lelumban katresnan kaprabawani dening nafsu lan libido. Nafsu lan libido mujudake sifat kepengin nyukupi rasa senenge tumrap lawan jenis utawa wong kango ditresnani. Lastri kang mari kelangan katresnane, rumangsa nduweni pangimpen marang Fery kango ngrembakké katresnane maneh. Lastri pnacen wis tresna karo Fery nalika ana ing Mall. Saka pethikan kasebut Lastri kasil andum tresna lumatar *ego-ne*. *Ego-ne* wis ngliwati wates paugeran

sesambungan katresnan. Dheweke wis nerak paugeran lan trapsilane sajrone bebrayan. Jumbuh klawan *ego* kang didhasari rasa seneng lan ora ngutamakake paugeran.

*Ego-ne* Lastri yaiku nglakoni tumindak ora bener karo Fery. Kamangka dheweke wis kuwat banget anggone njaga dhiri pribadine supaya ora kejegur ana ing tumindak kanisthan. Nanging ing wektu iku Lastri lena marang memanise katresnan. Dheweke wis dipangaribawani karo egone kang pengin ngurangi tekanan batine. Awit dheweke wis tau kelangan katresna sing sepisan karo Ustadz Yusuf. Kajaba iku dheweke uga kasengkuyung dening tumindake Fery kang pinter banget anggone nggawe nyaman Lastri kango nglakoni tumindak kango ora bener. Tumindak kasebut mujudake rangsangan kango digawe dening Fery tumrake Lastri.

### Superego

*Superego* mujudake sistem kapribadhen sing tumindak nggunakake *prinsip idealis* ngenani bab kango apik utawa kosok balene saka *id* lan *ego*. *Superego* bisa diarani kapribaden kango nengenake paugeran, tatanan lan kautaman.sajrone tumindak. Amrih bisa nggayuh kautaman lan kamulyan, *superego* mesthi nduweni sifat kango arif, prihatin lan uga bisa ngrumangsani dhiri pribadi. Kadhang kala *Superego* kalah marang *Ego*. Ndadekake manungsa bisa nglakoni tumindak luput. *Superego* nggayutake impen-impen kango ana pikiran marang kasunyatan kango ana ing ndonya. Impen kasebut ora kena nerak aturan lan paugeran. Kudu mlaku sajrone aturane bebrayan. Mula manungsa kango nggunakake *superego* dirasa luwih ati-ati lan ora asring nerak paugeran ing bebrayan.

Lastri minangka wanita kebak ing budi luhur. Sesambungan dheweke karo Widi Lan Ustadz Yusuf ora nemoni bab kango bisa natoni ati. Lastri anggone ngandharake lan menehi pangerten marang wong loro kasebut kanthi cara alus lan wicaksana. Semana uga karo sesambungan Lastri karo Widi, pancen ora oleh restu saka simbokne Widi yaiku Mbok Santri. Widi meksa Lastri supaya bisa nampa ktresnane. Krana kawicaksanane Lastri, Widi ora sida meksa. Dheweke dadi bisa mikir lan bisa menggalih kekarepane Lastri kango becik. Kaya kapethik ing cuplikan iki.

“Wis dhik, kuwi gapang. Sing baku kowe lan aku padha katresnane. Upama wong tuwa ora sarujuk mengko suwe-suwe mesthi bakal nampa.”

“Mboten mas, kula kepingin menawi sedayanipun kanthi lila lan legawa saged nampi kahanan menika. Menawi tiyang sepuh mboten paring pangestu tamtu sesambungan niki bakal nemahi bilahi. Pramila sampun kesesa lan dipunpanggalih rumiyin”

“Blaka wae, pancen simbok ku ora nyarujuki nanging aku percaya tumekane wektu dheweke bakal bisa nampa”

“Menawi mekaten langkung prayogi caos pangertosan rumiyin dhumateng si mbok panjenengan. Kanthi mekaten kula penjenengan saged lumampah kanthi padang.” (Tulus, 2016:59)

Pethikan kasebut nuduhake *superego-ne* Lastri kang menehi tindakan marang pambujuke Widi kang wis kegawa tekad lan nafsu kanggo ngajak nikah. Lastri menehi pangerten marang Widi kanthi cara alus. Dheweke uga ora langsung nampik kanthi cara sing bisa gawe mangkel. Nalika wong arep jevodhohan, ora namung dhiri pribadine kang jevodhohan nanging uga kluwaraga kekar uga melu jevodhohan. Mula restu saka kluwarga iku wigati banget kanggo napaki dalam tumuju dhedaupan. Semana uga Lastri, dheweke ngutus Widi supaya njaluk restune wong tuwane yaiku si Mbok Sarti kanggo dadi wiwitane dalane karesnan. Lastri uga ora keburu nepsu dheweke luwih bisa njaga nepsune ketimbang Widi. Dheweke bisa nengenake trapsila ben mbesuk ora tuna lan tinemu billahine. Mula kang ditindakake Lastri mujudake *Superego* kang ditindakake marang Widi arupa wujud pangiket utawa pawatesane kekarepane *id*.

Lastri wis nglilakna sesambungane karo Widi lan Ustadz Yusuf ora bisa diarani batine ayem-ayem wae. Dheweke rumangsa sepi, nglangut, ora ana pawongan kanggo ngancani uripe. Nganti dheweke mutusake gole hiburan kanggo nambani sepine. Dheweke dolan menyang Mall banjur ketemu Fery. Fery lan Lastri awit ketemu pancen tuwuh rasa seneng banjur diterusake ana ing seambungane tresna. Fery kang pancen bagus banget praupane ndadekake Lastri nggunakake *egone* kanggo nyambung karesnane. Amerga dheweke ora pengin mbaleni tekanan kang dirasakake sawise kelangan Widi lan Ustadz Yusuf. Bab iki kang nyebabake Lastri lan Fery nerak kasusilan sajrone lelumban karesnan. *Ego-ne* nguwassani pamikire Lastri nganti dheweke tumindak kanisthan karo Fery. *Superego-ne* ngelingake lan nyadharake Lastri yen dheweke nglakoni tumindak salah lan lput. Lastri kang sadurunge njaga lan ngati-ati marang dhiri pribadine jebul malah lena ana ing manise karesnan. Wekasane Lastri bali ana ing dalam kang bener kanthi cara mertobat. Dheweke tobat lan ngraketake marang Gusti supaya diapura dosa dosane kaya kapethik ing cuplikan iki.

Lastri tobat, aja nganti sing kaya ngono dilakoni maneh. Saben bengi sarampunge sholat terus ndedonga, masrahaake marang jiwa ragane. Dosa sing di sandhang mung diaturake marang gusti Allah kepriye anggone arep ngadili. Ndhadha marang kaluputane saiki dheweke sregep nindakake limang wektu, saben sore ning masjid kanggo nyilimurake kahanan. menawa ana ing omah sumpek banjur ngaji ing Masjid. Lastri sajake owahe akeh banget. omongane biyen sing semu akeh saiki dadi wong sing menengan. (Tulus, 2016:116)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake *superego-ne* Lastri kang menehi tindakan sawise apa kang dilakoni karo Fery. Kanggone manungsa kang rumangsa lput mesti njaluk pangpura lan mertobat marang Gusti Allah. Senadyan Lastri ing wektu iku durung wani blaka marang wong tuwane nanging dheweke isih ana upaya kanggo mbalik ana ing dalam kang bener. Dheweke uga

mutusake sawetra ora ketemu karo Fery. Rasa getune gedhe banget. dheweke uga ngatonake pasrahe marang Gustine mbok menawa bakal dipidana apa wae dheweke wis lila lan pasrah. Saben dina dheweke uga nindakake sholat liman wektu lan ngaji ana ing Masjid. Sekabehane dilakokake supaya dosane bisa diapura lan bisa dadi tameng dhirine Lastri supaya ora mbaleni kadadeyan kasebut.

Lastri nduweni sifat kang mujudake salah sawijine manungsa *superego*. Sifat kasebut arupa bisa eling marang Gusti kang maha kuwasa. Ana uga manungsa kang ngerti yen dheweke lput nanging ora bisa eling marang Gusti sing kuwasa. Pepinginane Lastri awujud lelumban karesnan kang bisa dipenggak dening *superego* adhedhasar kesadharan marang wong tua lan Gusti kang maha kuwasa. Kesadharan kasebut tuwuh amerga saka kabiyasan nalika cilik dilatih lan diwulang ngenani agama lan bab kautaman. Mula *implus* utawa rangsangan bawah sadar nuwuhake kabecikan, kabeneran, sarta aturan lan tatanan kang tuwuh sawayah-wayah. Sekabehane kasebut perangan saka pamikiran karibaden *superego*. Semana uga Lastri *superego-ne* uga mrrentah supaya dheweke nemoni Fery maneh. *Superego-ne* Lastri njaluk putusan marang Fery kanggo mbangun omah-omah. Krana kekarone wis tau nerak tatanan, dheweke duwe pangajab supaya dosane bisa diapurani dening Gusti kanthi sarana nikah. Kajaba iku supaya ora dadi tekanan lan fitnah satengahe masyarakat.

### **Wujud Rasa Kuwatir sajrone Novel LSEGW**

Masalah kajiwian mujudake masalah kang dumadi ing kapribadene manungsa kang disandang dening manungsa kasebut. Masalah kajiwian kaperang dadi telu adhedhasar tuwuhe masalah, yaiku Naluri, Rasa Kuwatir, lan sadar ora sadar. Masalah kajiwian kang disandang dening Lastri minangka masalah kajiwian arupa rasa kuwatir sajrone Novel LSEGW anggitane Tulus Setiyadi.

### **Rasa Bingung**

Bingung mujudake salah salah sawijine kahanan manungsa nalika pepenginan lan pamikiran ora bisa nglaras manunggal dadi siji. ndadekake manungsa ora bisa nemtokake apa kang kudu dilakoni. Rasa bingung disababake dening saperangan *id* utawa pepinginan kang padha kuwate lan padha dikarepake. Nganti pawongan kasebut ora bisa milih salah sawiji antarane pepinginan kasebut. Pepinginan utawa *id* kasebut bisa awujud apa wae kang dipenginake manungsa. Semana uga kang disandang dening Lastri, nalika dheweke tetapangan karo Ustadz Yusuf minangka wong kang pancen ditresnani. Lastri rumangsa pakewuh nalika wiwiton ketemu lan ndadekake bingunge Lastri. rasa bingunge Lastri digambarake kaya pethikan ing ngisor iki.

Lastri krungu pangucape Ustadz Yusuf mung meneng wae. Sajak bingung anggone arep aweh wangulan. Kudune atine seneng awit apa sing dadi karepe bakal klakon. Nanging menawa kelingan dheweke iki sapa banjur ana rasa kang mangu-mangu. (Tulus, 2016:24)

Pethikan kasebut nuduhake kahanane Lastri kang langi bingung. Nalika wong kang disenengi uga nduweni rasa tresna marang dheweke. Ustadz Yusuf wis wani blaka ngenani rasa tresnane marang Lastri. Kudune ing wektu iku Lastri rumangsa seneng awit *id-ne* ngenani katresnan bisa kewales lan kasembadan. Nanging ana bab kang ora bisa diliwakake dening Lastri, yaiku ngenani dheweke minangka dadi ledhek. rasa tresna kang gedhe marang ustaz Yusuf uga ora kalah gedhe rasa tresnane marang kabudayan.

Lastri wiwitane pancen karo Widi ora ana rasa apa-apa. Lastri mung nganggep kekancan, nanging kala-kala ana rasa asih marang Widi senadyan iku namung kembange kekancan. Rasa tresnane Lastri sejatine mung kanggo Ustadz Yusuf nanging wong kang ditresnani iki durung ngerti kepriye tekaade Lastri kang suci minangka dadi ledhek. Wektu kang terus lumaku ndadekake Ustadz Yusuf kepengin ngertenih hakikate kesenian pagelalaran Tayub. yen dirasa miturut filosofine ora ana babagan kang nerak agama. Sekabehane mau jagade kabudayan malah ana nilai kang apik sajrone pagelaran tayub. sawise Ustadz Yusuf ngertenih apa kang dikarepake Lastri, saya bungah atine Lastri. Awit katresnane karo Ustadz Yusuf wis kaya-kaya bisa nyawiji. Nanging isih ana rasa bingung kang manjing ana ing pamikire Lastri, kaya kapethik ing ngisor iki.

Wiwit kuwi atine Lastri sangsaya tumempel marang katresnane Ustadz Yusuf. Impene salawase iki anggone kepingin gegandhengan bakal kelakon. Nanging ora teges kabeh bakal bisa lumaku kanthi gangsar. Lastri nyadhari menawa ing sisihe uga ana wong liya kang kepengin ndhedher tresna. Widi kang saben saben ngeterna tanggapan, tansah ngarep-arep uga katresnane. Ora pisan pindho anggone ngrewangi bot repote. Kawigatene marang dheweke bisa dirasakna. Sajak bingung pikirane Lastri. Wong loro padha nduweni rasa tresna. Ditimbang padha bobote. Menawa simboke ngeboti ustaz Yusuf dene bapake ngeboti Widi. Gelem ora gelem Lastri kudu milih salah sawijine. Dalan kang kudune padhang saiki dadi peteng kaya kebak pedhut lelimengan. Lastri arep miyak durung bisa. Mbok menawa wektu kang bakal aweh pawangsulan. (Tulus, 2016:57)

Pethikan kasebut uga nggambaraké Lastri lagi bingung milih Widi apa Ustadz Yusuf. Widi minangka priya kang tansah setya ngarep-arep katresnane. Semana uga Ustadz Yusuf kang pancen bisa ndudut atine Lastri. Bab iki ndadekake Lastri saya bingung. Kekarone padha kuwat nduweni pangaribawan tumrap panguripane Lastri. Ewadene wong tuwane uga duwe pilihan dhewe-dhewe. Upama pilihane wong tuwane padha, dheweke bakal milih kaya apa kang dikarepake wong tuwane. Ing bab liya Kudune Lastri wis bisa seneng amerga dheweke wis bisa manunggal pamawas klawan Ustadz Yusuf ngenani kabudayan lan agama. Nyatane isih ana rasa bingung kang dirasakake Lastri yen kelingan rekadayane Widi. Saya bingung pamikire Lastri ing kahanan kasebut. Kaya kapethik ing pethikan iki.

Lastri bingung anggone arep mangsuli pitakonane Widi. Awit wektu iku batine kudu tarung. Menawa ditampik mesthi bakal nglarani atine Widi. Kosok baline menawa ditampa kudu ninggalna Ustadz Yusuf. Mangka kabeh padha kepengin nggayuh marang katresnane. Rasane ora kuwawa nemoni kahanan sin kaya mangkono. Lastri rumangsa blangkemen lambene kaya dipulut. Pikirane judeg batine buneg. Menawa disawang anteng meneng kaya reca kang mbegegeg tanpa bisa obah. (Tulus, 2016:58)

Pethikan kasebut nuduhake kahanan kajiwane Lastri kang lagi nandang rasa bingung awit dheweke ora nemu pepadhang. Lastri minangka pawongan kang dirasa kurang duwe kanca. Mula dheweke ora pengin pedhot sesambungan karo Widi semana uga karo Ustadz Yusuf. Lagi iki dheweke ana sing gelem nyedhaki kanthi rasa ikhlas mung ngarep-ngarep katresnane kang suci. Nanging sekabehane miturute Lastri kudu dipikir lan kudu dipilih supaya ora nglarani atine liyan.

Lastri minangka wanita kang ora pengin wong disatu dening liyan. Bab kasebut ndadekake rasa bingung kang gedhe. antarane pepenginan kang ora bisa dipilih. Upama milih salah siji mesthi bisa gawe lara atine liyan. Kahanan kasebut tuwuh amerga Lastri kalebu manungsa *superego* kang ora pengin nglarani atine liyan. Kapribaden kasebut ndadekake rasa bingung ana ing kajiwane Lastri. Rasa bingung kasebut tuwuh kanthi cara ora sengaja utawa tanpa sadhar. Mula rasa bingung kang disandang dening Lastri disababake dening pepenginan loro kang kuwat.

### Rasa Sedih

Rasa sedih mujudake rasa saka pamikire manungsa kang diterusake ana ing batin. Rasa sedih bisa disebabke karana dheweke rumangsa kelangan utawa rumangsa ora kaeturutan pangarep-arepe. Rasa sedih iki mujudake rasa kang ora duwe daya kanggo nglawan kahanan ana ing saindhenge. Dheweke mung bisa tumindak kang arupa nangis lan meneng ora kumecap apa apa, mung praupane kang katon surem lan ora aweh polatan pasuryan apa apa. Sekabehane titikan kasebut kanggo nguruangi rasa sedhihe. Rasa sedih uga mujudake tumindak kang pasif. Rasa iki ora bakal menehi piwales marang tekanan kang disandang. Anane mung pasrah lan nrima apa kahanane. Semana uga Lastri kang uga ngrasakake rasa sedhiih, Lastri kudu bisa nglilkake katresnane kanggo milih netepi tekadade marang kabudayan kaya ana ing pethikan iki.

Ing satengahe wengi, lintang-lintang padha ngranggani angkasa. Mbulane ora jumendhu sajak melu sungkawa marang panandhange Lastri. Saiki arep kandha karo sapa menawa wong ditresnani padha ngedoh saka dheweke. Widi kepeksa kudu manut marang karepe wong tuwa. Ustadz Yusuf uga lunga nggawa rasa kuciwa. Menawa dipikir sing luput ya Lastri dhewe. Anggone mangu-mangu lan ora ana pilihan banjur gawe bingung ati. Lastri saiki kari ijen ngenam pikir marang lelakone

tresna. Mriplate kaca-kaca ngelingi lelakone urip tangane kumlawe nyandhak kertas lan pulpen kanggo nguntabake rasane ati kang sinimpen ing jaja. (Tulus, 2016:72)

Pethikan kasebut nuduhake yen rasa sedih kang disandang Lastri mujudake rangsangan saka sajrone pamikir banjur mudhun ana ing batin ndadekake rasa sedih. Rasa sedih kasebut bisa dideleng saka tumindake lastri kang uga dadi tandha dheweke sedhih. Tandha kasebut arupa mriplate kaca-kaca nalika mikir apa kang lagi dirasakake dening dheweke. pamikire Lastri kang nyebabake dheweke sedhih yaiku dheweke rumangsa sepi ora ana rewange. Dheweke kelangan lan ditinggal wong kang mesthi ana kanggo dheweke yaiku Widi lan Ustadz Yusuf. Rasa sedhih iki ora bakal kalaksanan yen ora ana pajangka utawa angen-angen saka pamikir sing ndadekake pawongan kasebut ora jenak. Mula rasa *id* iki sumbere ana ing rangsangan banjur diuntabake ana ing *ego*. Sekabehane mung sinimpen ana ing dhdhane. Diuntabake lumantar tetembangan kang ditulis ana ing kertas. Mula rasa sedhih iki kalebu ana ing rasa kuwatir *neurotis* kang sumbere saka rangsangan pamikir manungsa kasebut kang mung sinimpen ana ing njero batine.

Lelakon sing dipacaki lastri pancer dirasa abot lan rekasa. Ora mokal yen dheweke kerep nemoni rasa sedhih lan nelangsa anggone nglakoni panguripan. Sekabehane disangga lan dirasakake dhewe. dheweke pancer beda karo bocah-bocah liyane. Dheweke minangka dadi ledhek ora ana wong sing gelem kekancan karo dheweke anane mung nyacat amerga miturute pamawase masyarakat dadi ledhek iku penggaweyan kang ora bener. Widi lan Ustadz Yusuf minangka rewang kang iklas gelem ngrewangi Lastri. Saiki kepara ngedoh awit kaputusane Lastri dhewe. Mula saka kuwi rasa sedhihe nganti kedlarung-dlarung ndadekao pikiran lan tumindake owah ora nengenake nalar nanging nengenake rasa sedih kang ora bisa kabendung kaya kaepthik ing ngisor iki.

Gonjang ganjing pikirane Lastri nganti lali marang kwajibane. Nalare kalah marang rasane. Saben-saben ana calangan mung ditampik kanthi alesan kang ora bisa ditampa. Wong tuwane wis ora bisa ngelingake marang kelakuwane. Muring-muring menawa dikandhani. Suwe-suwe pelanggane wegah sesambungan karo Lastri. Saki kudu ngadhepi rasa sepi karo nembangake rasa kuciwane. Ora wurung tanpa daya nglokro banjur mbejojer ana amben. Arep dolan wis ora nduwe sangu kepengin tetukon dhuwite ora ana. Kabeh kaya kena katyasane rasane tresna kang disiya-siya. Pindho bathang mekangkang wis tanpa ana gunane. (Tulus, 2016:75)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri banget anggone nandang susah. Nganti dheweke ora gelem tandang gawe. Sing sadurunge Lastri pancer bocah sing sregep, banjur saiki dheweke lali marang jejabahane. Ora ana sing bisa ngelingake kalebu wog tuwane. Anane rasa

atine mung nandang sungkawa. Masalah psikologis kang kaya mangkene ndadekake owah tumindake saben manungsa kang ora bisa ngatasi kridhane emosine dhewe. Kajiwane Lastri saya ora bisa diatasi. Bisa dideleng saka tumindake kang lagi dielingake dening wong tuwane. Dheweke ora tambah eling utawa manut nanging malah muring-muring. Kamangka dheweke sadurunge dadi anak sing ngabekti banget marang wong tuwa. Semana uga tekade anggone ngrembakakake ledhek ana ing pagelaran tayub uga kena pangaribawane. Saben-saben calangan mara ditampik kanthi alasan kang ora cetha. Kamangka tekade gedhe banget anggone pengin ngrembakake tayub. Ananging wektu iki kalah karo rasa sedhih kang dirasakake dening dheweke. tekad kang samono gedhene dadi ilang. Lastri rumangsa ora duwe tujuwan ing uripe. Bisane mung ngurung dhiri ana ing kamare.

### Rasa Kuwatir *Moralis*

Rasa kuwatir *moralis* minangka rasa kuwatir kang disebabake dening *Superego* kang gedhe. Rasa moralis mujudake rasa wedi marang kahanan ati kang tuwuhan saka nuranine dhewe. Rasa iki dipangaribawani dening masalah, antarane *Ego* lan *Superego* kang ora bisa sedalan. Pawongan kang nduweni jenis rasa kuwatir kang kaya mangkene, tansah mikir lan ngrasa salah yen awake dhewe tumindak marang sawijine bab kang nyleweng utawa nerak paugeran. Dirasa uga ora gathuk marang paugeran sosial kang ditetepake.

### Rumangsa Luput

Rumangsa luput mujudake kahanan rasane manungsa kang tuwuhan ana ing panggraitane manungsa. Rasa iki disebabake dening tumindak kang nyimpang saka paugeran ana ing padatan. Rasa luput iki uga didhasari dening norma lan moralis kang dadi tetenger lan tamenge laku tumindak. Rumangsa luput bisa diweruhi nalika Lastri kelangan kanca uga wong kang ditresnani. Awit saka tumindake kang mangu-mangu ora age-age aweh aweh pilihan karo wong kang ngarepake katresnane Lastri mau, ndadekake wong lanang saloron kasebut ngalih lan ngadobh saka panguripane Lastri. Anane Lstri dikrungkubi rasa sepi tanpa rowang lan tanpa kanca crita sing bisa kena kanggo andum rasa susahe. Kahanan kasebut ndadekake dheweke owah pamikir lan lakune. Anane mung rasa sumpeg. Upama dielingake anane mung muring-muring wae. Dhawuh saka wong tuwane uga ora digagas babar pisan awit saking rasa sumpeg kang ndadra ana ing sajrone ati. Saka laku kang ora bener kasebut Lastri nemoni gupak pulute ing wekasane. Ndadekake dheweke rumangsa luput awit wis tumindak ora pener amerga saka rasa sedhih kang gedhe banget. Rasa lupute Lastri marang tumindake sing ora pener kagambarake kaya pethikan iki:

Bareng sadhar banjur menjat, ngatonake semangate anggone arep mujudake gegayuhane. Lelakon kena digodha nanging gegayuhan kudu tumeka. Niyate arep nemoni kanca-kancane sing kerep aweh calangan. Nanging kabeh wis katon kuciwa marang panampane Lastri. Upama saiki ana sing gelem nyalangi ya mung siji loro. Pancer sepi, beda karo sasi-sasi kepungkur nganti mbalekake calangan. Sajak dheweke wis

ora dianggep maneh karo kanca-kancane.  
(Tulus, 2016:75)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri rumangsa salah awit saka tumindake kang ora pener nalika nandang sedhih ditinggal wong kang ditresnani. Dheweke rumngsa salah marang kanca-kancane kang nduweni niatan apik menehi penggaewyan arupa calangan tayub. Malah dheweke nampik kanthi ora kepenak. Rumagsa lupute Lastri iki ngrembaka an ing *superego*. Rasa kuwatir moralis iki mujudake tumindake Lastri kang ora pener. Tumindak kasebut tuwuh ana ing *ego* lan *id* kang ora bisa kalaksanan. *Ego-ne* Lastri pengin ngedhem ati lan pengin nentremake pikir sapungkure ditinggal karo wong sing ditresnani. Lastri wis ora dipercaya lan ora dianggep marang kanca-kanca kang menehi calangan. Kahanan kasebut njalari rasa lupute tuwuh ana ing diri pribadine Lastri. Krana superegone, Lastri nganti marani ana ing omahe kancane saperlu njaluk sepura lan mbok menawa bisa diwenehi calangan maneh. Nanging kabeh wis keblanjur. Anane rasa percacaya marang Lastri wis ora ana maneh ndadekake sepine tanggapane Lastri ing wektu iku.

Lastri mujudake pawongan kang dirasa kurang bisa ngendhalekake pamikire nalika antuk tekanan batin. dheweke perlu panyengkuyung kayata tumindak kang bisa gawe atine seneng lan ora sumpek. Lastri nglakoni tumindak sing bisa gawe atine gumregah lan semangat nyambut gawe, kayata budhal njaluk sarana menyang dhukun supaya bisa akeh maneh calangane. Ora namung iku, dheweke uga budhal menyang Sedudo minangka pituduh lan pitutur saka wong tuwane. Kajaba sarana kasebut, Lastri uga nduweni sarana arupa nggolek swasana ana ing Mall kang wekasane ketemu lan kenalan karo Fery. Lastri lan Fery padha-padha andum katresnan nganti tumindak nyeleweng saka paugeran. Rasa lupute Lastri kadunungan ana ing kadadeyan iki. Lastri minangka pawongan kang tansah njaga ajine dhiri nganti bisa lena marang memanise katresnan. Rasa lupute kagambarake ana petikan iki:

Sepadhae Lastri banjur ngeblas nerjang marang udan kang ngranjab bumi. Begjane Lastri isih bisa njaga kasuciane, awit saka bantere swara gludhug. Saiki upama dheweke arep disamber bledheg ing tengah dalan wis bakal pasrah. Rumangsa nglakoni barang kang ora bener, kaya-kaya wis ora ana pangapura saka awake dhewe. Ajine dhiri sing selawase iki dijaga banjur kejeglong kahanan nganti arep keli marang tindak kanisthan. Rasa getun tansah ngebaki ing atine. (Tulus, 2016:114)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri rumangsa salah. Awit saka tumindake kang nyleweng saka paugeran lan aturan. Saka memanise katresnan, dheweke lena marang apa kang sasuwene iki dijaga. Nalika dadi ledhek diati-ati sarta dijaga kasucenane supaya ora keblasuk ana ing jurang kanisthan. Nanging ing kadadeyan iki, malah dheweke nglakoni tumindak nistha karo Fery. Tuwuhe tumindak kasebut didhasari sak *id-ne* Lastri kang ora pengin kelangan wong kang ditresnani

maneh. Dheweke uga bisa diarani *trauma* nalika kelangan wong sing ditresnani. Anane *id* kang gedhe lan ora bisa dijaga banjur nuwuhake *ego* yaiku awujud tumindak kanisthan. Begjane Lastri isih dielingake karo Gusti kang maha welas. Dheweke sadar yen tumindak kang dilakoni karo Fery tumindak ora bener lan nerak aturan. Dheweke banjur pengin bali senadyan nerak udan deres lan gludhuk mangampar-ngampar. Rasa lputung kang gedhe banget disumurupi nalika dheweke mulih nerak gludhuk mangampar-ngampar. upama kesamber bledhek dheweke mung bisa pasrah minangka wujud paukuman saka Gustine.

### Rasa Kuwatir *Realistik*

Rasa kuwatir *realistik* mujudake rasa kuwatir kang nyata (*real*). Rasa kuwatir *realistik* nduweni rasa wedi tumrap kahanan kang ana ing lingkungan sakupenge. Rasa iki nduweni asipat *irasional* kang tegese ora tamtu kahanane pamikir klawan kahanane kasunyatan. Prakara kasebut lumarahe disandang dening pawongan kang ngrasakake bebaya saka lingkungan saindhenge. Rasa kasebut minangka wujud kapribaden saka *naturi* pamawas lan tamenge dhiri. Rasa kuwatir jinis iki yaiku rasa kuwatir lan wedi marang bebaya kang bisa ngincim rasa tentreme manungsa. Dheweke rumangsa antuk ancaman kang bisa bebayani lan bisa antuk kacilakan ana ing panguripane. Rasa kuwatir *realistik* tuwuh saka kadadeyan kang nyata ing jagad saindhenge banjur dingrembakake dening *ego*. Rasa kuwatire Kaya kang disandhang dening Lastri, arupa rasa wedi kanggo nutupi kaluputane. Lastri kadunungan rasa kuwatir *realistik*. Nalika rasa wedine tuwuh. Dheweke ora pengin tumindak nisthane karo Fery kasebut dingerten dening liyan. Dheweke wedi yen tumindak kasbut kebongkar. Apa maneh dheweke ketemu klawan Ustadz Yusuf kang ngerti yen ana sing owah tumrpane Lastri. Ustadz Yusuf takon kena ngapa dheweke. Lastri wedi yen tumindake diweruhi dening Ustadz Yusuf. Nalika rasa wedi tuwuh ana ing pamikire Lastri, Dheweke nglakoni tumindak kanggo nutupi lupute. Rasa wedi kasebut digambarake kaya pethikan ing ngisor iki.

Ndhadha marang kaluputane saiki dheweke sregep nindakake limang wektu, saben sore ning Mejid kanggo nyelimurake kahanan. menawa ning omah wae rasane sumpeg banjur ngaji ana ing Masjid. Lastri sajake owahe akeh banget. omongane sing mbiyen semu akeh saiki dadi wong sing menengan. Nalika dheweke lagi ngaji ana masjid ketemu Ustadz Yusuf. Lastri mung ndingkluk wae ora gelem sapa aruh. Kaya ana perasaan sungkan lan wedi arep nyedhaki. (Tulus, 2016:116)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri nandang rasa kuwatir realis kang disababake dening apa kang wis diakoni karo Fery. Wujud saka rasa kuwatir kasebut arupa rasa kuwatir kang tuwuh saka Ustadz Yusuf kang lagi nyedhaki. Lastri ngrasa tuna lan gagal anggone njaga sedyane anggone ngrungkepi tekade. Apa maneh kang lagi diadhepi yaiku Ustadz Yusuf minangka katresnane biyen ditampik dening Lastri mung karana Lastri pengin ngrungkepi kabudayan. Wujud tumindake Lastri kanggo

nutupi rasa wedi yaiku awujud meneng lan ndingkluk nalika diajak cecaturan klawan Ustadz Yusuf.

#### **Mekanisme Pertahan Ego**

*Mekanisme Pertahan Ego* mujudake sarana kanggo ngurangi tegangan utawa rasa lara kang ana ing kajiwane manungsa. Rasa lara kasebut tuwuhan saka rasa kuwatire manungsa kanthi cara dirasakake dening saben pawongan. Wujude *mekanisme pertahanan ego* yaiku arupa upaya tumindake manungsa kang bisa ngilangake tegangan lan rasa lara sajrone *ego*. Mekanisme pertahanan ego diperang dadi pirang pirang jinis kanggo ngurangi ketegangan, yaiku *represi*, *proyeksi*, lan *rasionalisasi*, (Minderop, 2013:13). Sekabehane jinise *Mekanisme Pertahan Ego* kang dumunung ana ing novel LSEGW bakal diandharake ana ing ngisor iki.

##### **4.2.1 Represi**

*Represi* mujudake cara kanggo ngurangi rasa kuwatir kanthi cara meksa pepinginan utawa *id* tumuju ana ing alam ora sadar. sajrone alam ora sadhar, pepinginan kang dadi sababe rasa kuwatir kasebut di jaga lumantar tumindake manungsa supaya ora metu ana ing alam sadar. Cara iki mbuthuhake daya kajiwane kang gedhe kanggo njaga pepingin-pepinginan supaya tansah ana ing alam ora sadhar. Tuladhane ana pawongan kang pengin andum katresnan, ananging dheweke ora bisa mujudake pepinginan katresnan kasebut amerga kaprabawan dening bab liya kang kudu ditengenake. Mula dheweke mendhem jeru pepinginan kasebut ana ing alam ora sadar supaya dheweke ora pengin bab kasebut maneh minangka sarana kanggo ngilangake rasa gelane. *Represi* bisa nyebabake sumelang lan ngrasa sepi sajrone panguripane. Senadyan pepingin-pepininan mau dirungkepi lan dicencang raket ana ing alam ora sadhar, dheweke bisa kasurung metu lan tuwuhan menyang ndonya kang sanyata lumantar ngimpi, salah ngomong lan lena. Semana uga kaya apa kang ditindakake Lastri kango njaga swasana kajiwane kang digambartake kaya pethikan iki.

Lastri sebenere atine ora kuwawa nglepas marang katresnane. Gegayuhane kepengin gandheng karo Ustadz Yusuf wis kari sagongan wae. Ewadene isih ana rasa owel marang tekade anggone arep ngleluri kabudayan. Apa sing diputusake pancen gawe lelara ati. Naming kudu piye maneh, sikil loro ora bisa jumangkah bebarengan. Gelem ora gelem kudu nampa bebendhu lamun kuwi dianggep dosa. (Tulus, 2016:97)

Pepinginan kang gedhe ngenani katresnane lan sesambungan dheweke marang wong ditresnani njalalari anane ketegangan. Apa maneh Lastri sesambungan ora namung karo Ustadz Yusuf wae, ananging uga karo Widi. Lastri ora bisa nemokake pepadhang anggone perkara iki. Pancen wis dadi takdire Lastri lan Ustadz Yusuf kang ora bisa nyawiji. Awit saka tekade Lastri kang gedhe kanggo nglestarekake kaudayan bisa ngalahake katresnane. *Represi* menehi daya marang katresnane Lastri supaya tetep dikalahake dening tekade marang kabudayan. Lastri kudu bisa lila ninggalake

memareme katresnan lan jejodhohan klawan Ustadz Yusuf.

#### **Proyeksi**

*Proyeksi* mujudake tumindak kanthi sengaja kang ditindakake dening pawongan kanggo nutupi kaluputane kanthi cara menehi gegambaran utawa panjlentrehan marang wong liya. Miturut Hilgard (sajrone Minderop, 2013:34) *proyeksi* minangka *mekanisme* kang ora disadharti, nanging mesthi ngayomi dhiri pribadine saka pengakuwan. Sipat kang mligi saka *proyeksi* yaiku saka rasa pangrasa dhiri pribadine kang diowahi. *Proyeksi* uga diarani nglakoni tumindak kanggo njaga swasana kajiwane lumantar alesan kang ora pener utawa ngapusi. *Proyeksi* digunakake kanggo nutupi kaluputane lan ngunakake cara kang bener, ateges bener miturete dhiri pribadine dhewe. *Proyeksi* digunakake kanggo njaga *egone* supaya tetep lumaku. Anane superego wis ora ditengenake ana ing babagan iki, ora ateges dilitrakake nanging luwih penere ora dianggo sawetara supaya mbalekake trap-trapan normal kajiwane supaya ora saya nemen.

*Proyeksi* kagambarake nalika Lastri didhawuhu dening Pak Ustadz. Lastri isih turu amerga mentas tanggapan mau dalune. Pak Ustadz omong-omongan karo wong tuwane ngenani agama lan panguripan banjur kasusul Lastri kang lagi wae adus lan tangi turu. Lastri pancen panguripane kaya mangkono. Dheweke diceramahi dening Ustadz Yusuf ngenanani ibadah lan sholat. Miturut Ustadz Yusuf, cara panguripane Lastri salah amerga kalebu penggaweyan kang ora bisa nutup aurote. Pancen bener apa kang dikandhakake Ustadz Yusuf, cetha jumbuh klawan paugerane agama. Ing kene Lastri minangka wong kang pamawase ngenani kabudayan ora sarujuk yen diluputake dening Ustadz Yusuf. Amerga sakabehane kuwi warisane kabudayan. *Ego-ne* Lastri kang isine tekad kang gedhe marang kabudayan rumangsa oleh tekanan saka ucapan Ustadz Yusuf kang wani ngluputake Lastri. *Mekanisme pertahanan egone* Lastri tuwuhan awujud *proyeksi* marang Ustadz Yusuf. Lastri menehi gegambaran kang nyata marang Ustadz Yusuf saengga Ustadz Yusuf minangka pamarsudi agama bingung arepe mangsuli pitakonane Lastri. Lastri menehi gambaran ngenani sapa sing luput sapa sing ora. Gegambarane *Proyeksi* kasebut ditindakake dening Lastri ana ing pethikan iki:

“Dhwuhe pancen kaya mangkono. Apamaneh kudu lukar klambi, nganti aurate dipamerake wong akeh.”.“Menawi mboten dhateng tiyang kathah menapa kepareng?”.“Menawa dudu Uhrime uga ora oleh”.“Hla panjengan menika inggih mirsani kula. Mangka kula inggih mboten nutupi aurat kanthi rapet. Menapa winastan dosa?” Ustadz Yusuf kaget, nyadharti marang apa sing lagi dirembug. Dheweke nganti ora mawas dhiri lali marang apa sing nate dikandhake.“Astaghfirullah hualadzim .. menawa bisa tutupen dhisik dhik auratmu ben kepenak olehe rembugan.” “Mboten” “Sebab apa?”“Sampun munafik, sadangunipun kula pepanggihan kaliyan panjenengan inggih kados mekaten. Menawi panjenengan tindak peken,

tindak pundi kemawon asring nyumurupi tiyang ingkang mboten nutup aurat kanthi rapet. Banjur ingkang badhe dipunlepataken sinten? Ingkang dosa panjenengan menapa tiyang-tiyang menika?” Ustadz Yusuf mung meneng wae sajak mikir marang kahanan ing masyarakat umum. (Tulus, 2016:37)

Gegambaran saka pethikan kasebut nuduhake tumindake Lastri kang lagi menhehi *proyeksi mkanisme pertahanan ego* marang Ustadz Yusuf. Lastri kang penggaweyane minangka ledhek antuk pitutur saka Ustadz Yusuf ngenenai kwajibane wong wadon kudu nutup aurat. Lastri ngrasa yen duluputake dening Ustadz Yusuf. Egone Lastri kang awujud pamarsudi kabudayan lan panindake keseniyan ana ing donyane tayub mligine dadi ledhek tayub rumangsa antuk tekanan saka pitutre Ustadz Yusuf. Pancen yen dideleng saka jagade agama wong wadon kang ora bisa nutupi aurate kalebu pawongan kang loput. Tegese nglirwakake prentah saka Gustine. Kanggo mertahanake egone, Lastri menehi gegabaran masyarakat umum kang padha ora nutupi aurate. Sekabehane apa patut diluputake? Gegambaran kahanan panguripan lan pitakonan kang diandharake dening Lastri mujudake *proyeksi* kanggo njaga egone kang antuk tekanan. Proyeksi kang ditindakake Lastri kasil gawe pitakonan kang gedhe tumrape Ustadz Yusuf.

#### **Rasionalisasi**

*Rasionalisasi* mujudake perangane *mekanisme pertahanan ego*. Kanggo ngurangi lan nutupi rasa gelane, dheweke duwe alesan utawa mbelani dhiri pribadine awujud ngakoni yen dheweke pancep dudu wog sing pantes lan apik kanggo pasangane. *Rasionalisasi* kadunungan ana ing tumindake Lastri kang pancep lagi pakewuh marang rong bab, yaiku katresnane lan penggaweyane. Pengaweyane kang dianggap asor dening masyarakat ndadekake sesandhungan anggone dheweke pengin sesambungan klawan wong sing ditresnani yaiku Ustadz Yusuf. Lastri kang pancep tresna banget marang Ustadz Yusuf. Awit Ustadz Yusuf bisa menehi pepadhang marang dalan panguripane Lastri nanging emane Ustadz Yusuf ora bisa ngidini Lastri ngenani penggaweyane. Upama dheweke wis klakon nikah kudu gelem ninggalna penggaweyane minangka dadi ledhek tayub. Paugeran kasebut kang ndadekake Lastri kudu bisa nglilakake Ustadz Yusuf. Rasa gela mesthi ana ing atine Lastri amerga dheweke ora bisa nerusake tekade kang gedhe kanggo nguri-uri kabudayane. Bab iki ndadekake katresnane Lastri lan Pak Ustadz ora bisa nyawiji. Dheweke nggunakake *rasionalisasi* kanggo menehi pangerten marang Ustadz Yusuf, ngenani dheweke tetep nengenake tekade marang kabudayanane kaya kapethik ana ing ngisor iki:

“Apa kabeh ora bisa lumaku kanthi bareng?”  
“Menawi sanesipun mbok bilih saged, nanging jejereng ledhek benten kalih pengrawit, penari, sindhen, lan lintunipun. Kula ajrih menawi dados lingsem, rumaos pakurmatan panjenengan kula asoraken.” “Nanging aku ora bisa goroh marang atiku. Kabeh kudu ana sing dikorbanake. Mula kowe bisa wae dadi sindhen

utawa liyane waton ora ledhek.”“Inggih menika ingkang mboten saged kula tampi. Pancen naminipun ledhek menika kathah ingkang mastani wanita geleman. Pangertosan menika kedah dipun jejegaken. Cobi panjenengan penggalih kinten-kinten kalih dasa tahun malih, pados ledhek menika badhe kangelan. Lajeng ingkang badhe dipunlepataken sinten?” (Tulus, 2016:95)

Pethikan kasebut nuduhake yen Lastri nggunakake *Rasionalisasi* kanggo mbenerake tumindake. Tumindake yaiku ora bisa nampa katresnane Ustadz Yusuf. Amerga Ustadz Yusuf ora bisa nglilani Lastri nalika mbesuk dadi garwane dheweke tetep dadi ledhek. Sejatiné niyatane Ustadz Yusuf apik kanggo munggahake derajate Lastri lan sakluargane bisa kajen ana ing masyarakat. Kajaba iku uga mujudake sarana nyebarake dakwahe ana ing agama. Nanging Lastri durung bisa nampa dheweke isih tetep milih ngrungkepi tekade. Anane *rasionalisasi*, Lastri ngakoni yen mbesuk durung mesthi Ustadz Yusuf bisaa bungah yen sesandhingan klawan dheweke. Lastri uga kuwatir yen malah ndadekake rerepotane Ustadz Yusuf. Lastri menehi alesan marang Ustadz Yusuf supaya tumindake bisa tinampa anggone milih kabudayan kang dadi tekade selawase iki. Wekasane kekarone ora bisa nyawiji. Ustadz Yusuf bali menyang demak kanggo dahup karo pilihane wong tuwane. Semana uga Lastri tetep ngrungkepi lan nguri-uri kabudayane. Senadyan tekade kasebut kalebu salah apa ora, dosa apa oral an uga diasorake dening masyarakat, wigatine dheweke ora bakal mundur.

## **PANUTUP**

### **5.1 Dudutan**

Novel *LSEGW* mujudake novel kang nyritakake panguripan lan kajiwane paraga utama Lastri minangka ledhek ana ing dhaerah Ereng-erenge Gunung Wilis. Saka andharan ing ngarep bisa kadudut yen paraga Lastri minangka paraga kang nduweni kapribaden *superego* kang kuwat sajrone kajiwane. *Superego* kasebut bisa ngendhalekake pepenginan kang awujud *id* supaya ora diterusake marang *ego*. Nanging ana kalamangsane Lastri uga nerusake *id*-e marang *ego*. Kadadeyan iki nyebabake rasa kuwatir tuwuhan sajrone kajiwane Lastri. Semana uga nalika *superego* lumaku lan kasengkuyung dening kontrol sosial kang kuwat. Ndadekake Lastri bisa nengenake paugeran, tatanan, lan aturan sajrone bebrayan.

Masalah kajiwane kang disandang Lastri disebabake dening *id* kang ora bisa kasembadan. Masalah kajiwane iki nuwuhake rasa kuwatir ana ing kajiwane Lastri. Bisa kadudut saka rasa kuwatire Lastri kang paling onjo lan akeh ana ing rasa kuwatir *neurotis*. Rasa iki mujudake rasa kuwatir kang tuwuhan saka dhiri pribadine dhew. Rasa kuwatir iki tuwuhan amaraga *ego* lan *superego* padha kuwate kanggo nyembadani *id*. Ndadekake katelu kapribaden kasebut yen lumaku ora selaras.

Lastri nggunakake telu *mekanisme* kasebut kanggo njaga swasana kajiwane supaya daya tekanan kang disandang bisa luwih mudhun. Lastri paling onjo nggunakake *mekanisme pertahanan ego proyeksi* amerga dheweke kalebu pawongan kang nduwe dalan pamikiran kang kuwat. Wawasan kang tuwuh saka pamikire Lastri digambarake lan ditengenake sajrone pamikire kang kuwat. Kadadeyan iki nuwuhake proyeksi ing pamawase. Mula Lastri mertahanake *ego* kang lumaku sajrone dhiri pribadi knngo ngurangi masalah kajiwane sarta bisa mbela awake dheweke saka tekanan kajiwane kang tumuju marang dheweke.

## 5.2 Pramayoga

Panliten ngenani rasa kuwatir sajrone novel *Ledhek Saka Ereng-erenge Gunung Wilis* dirasa isih akeh kekurangan lan kaluputan, mula kudu ana pnliten-panliten sabanjure kang asipat luwih jeru anggone ngonceki utawa nganalisis. Supaya ing tembe mebsuke bisa aweh paedah kang akeh tumrap jagade kasusatran Jawa mligine ing babagan apresiasi sarta produksi kritik lan sastra Jawa.

## KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2012. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM press.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian, Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Darni. 2016. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa*. Surabaya: Unesa University Perss
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodelogi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Widya utama.
- , 2008. *Metodelogi Penelitian Sastra: Epistemologi, Moedel, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Persindo.
- Feist, Jess dan Feist, Gregory J. 2010. *Teori Kepribadian, Theories of Personality*. Buku 2 Edisi 7 Jakarta: Salaemba Humanika
- , 2012. *Teori Kepribadian, Theories of Personality*. Buku 1 Edisi 7 Jakarta: Salaemba Humanika
- Hidayat, Dede, Rahmat dan Herdi. 2013. *Bimbingan Konseling Kesehatan Mental di Sekolah*. Bandung: Remaja Rosdakarya Offset.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusasteraan Jawa Modheren*. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.
- Koswara, J. 1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT. Eresco.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Muis, Saludin. 2009. *Kenali Kepribadian Anda dan Permasalahan dari Sudut Pandang Teori Psikoanalisis*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Najid, Mohammad. 2009. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode dan Teknik Penlitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.

- Setiyadi, Tulus. 2016. *Ledhek Saka Ereng-ereng Gunung Wilis*. Lamongan: Pustaka Ilalang Group.
- Sumardjo, Jakob. 1999. *Konteks Sosial Novel Indonesia 1920-1977*. Bandung: Penerbit Alumni.
- Suryabrata, Sumadi. 2003. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Wellek, Rene And Austin Warren. 1990. *Teori Kasusatraan (Diterjemahkn dalam Bahasa Indonesia oleh Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.
- Dwi, Esty. 2014. *Problem Psikologis Paraga Utama Priya Sajrone Novel Kadurakan ing Kidul Dringu Anggitane Suparto Broto*. Skripsi Tidak Diterbitkan. FBS Universitas Negeri Surabaya.
- Febrianto, Andi. 2015. *Problem Kajiwane Paraga Utama Wanita Sajrone Novel Purnama Kingkin Anggitane Sunaryoto Soemardjo*. Skripsi Tidak Diterbitkan. FBS Universitas Negeri Surabaya.
- Illa, Ayu K. 2015. *Kecemasan Tokoh Karang Dalam Novel Moga Bunda Disayang Allah Karya Tere Liye: Kajian Psikoanalisis Sigmund Freud*. Skripsi Tidak Diterbitkan. FBS Universitas Negeri Surabaya.
- Handayani. 2014. *Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks Sajrone Cerbung Kesumat Anggitane Tiwiek S.A*. Skripsi Tidak Diterbitkan. FBS Universitas Negeri Surabaya
- Balai bahasa provinsi Jawa Timur. Penganugrahan Sutasoma  
<http://surabaya.tribunnews.com/2017/10/26/anugerah-sutasoma-balai-bahasa-jatim-komunitas-sastra-bojonegoro-raih-penghargaan>. Kaakses dina Sabtu tanggal 19 mei 2018 tabuh 22.00.
- Darni. Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa  
<https://www.academia.edu/35908793/KEKERASAN TERHADAP PEREMPUAN DALAM FIKSI JAWA MODERN Sebuah Kritik Ssatra> Diunduh 17 Desember 2018 17.00
- Ridwan, Haerunisa. Dinamika Kepribadian Tokoh Dalam Novel *Di Tanah Lada* Karya Ziggy Zezsyazeoviennazabrizkie Sebuah Kajian Psikoanalisis Sigmund Freud.  
<https://media.neliti.com/media/publications/242507-kecenderungan-neurotik-tokoh-utama-dalam-ded4c03d.pdf> Diunduh 17 Desember 2018 17.00